# ЗЫЩ ДИ БЛЭКІАРИ, ЗЫУЭ ЩРЕТ ДИ КЪЭКІУЭНУРИ!

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№246 (21.654) • 2009 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 26, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ

НОМЕР ЗЭХЭТ

78

**★Дыгъуасэ**



**Едгъэжьэж 2009 гъэр ЩІалэгъуалэм я илъэсу щагъэувауэ щытащ Урысей Федерацэм. А зэманым къриубыдэу Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм щызэфІагъэкІа Іуэху куэдым жыджэру хэта ныбжьыщІэхэм ятедухуащ номер зэхэтхэм я зи чэзу мы къыдэкІыгъуэр.**

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен ныбжьыщІэ текІуахэм яхэсу фэеплъ сурэт Мамий Руслан ятрихащ.

# Пашэ хъуахэр ягъэлъапІэ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Президент Къанокъуэ Арсен яІуищІащ «ЩІэныгъэ» лъэпкъ проектым хиубыдэ зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм пашэ щыхъуа щІалэгъуалэм. Ди республикэм щыщ пщащэ, щІалэ 40-м мы гъэм ахъшэ саугъэтхэр хуагъэфэщащ. Абы щыщу 29-м иратар Урысей Федерацэм и Президентым игъэува саугъэтырщ, республикэм и саугъэтхэр 11-м ялъысащ. Урысей Федерацэм и Президентым и саугъэтыр лІэужьыгъуитІ мэхъу: япэр - сом мин 60, етІуанэр - сом мин 30 ирокъу. Республикэ саугъэтри сом мин 15-м нос. А ахъшэ саугъэт лІэужьыгъуищыр зыхуагъэфэщахэм КъБР-м и Президентым яритыжащ дыгъуасэ.

- Дэ ди къэралыр къарууфІэ, лъэрызехьэ тщІынущ икІи абы папщІэ дыхуэныкъуэщ фи зэфІэкІым, щІалэгъуэм и гушхуэныгъэм», - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

**ГЪУЩІО Зариф.**

**★Фэеплъ**

## Табыхъу Хьэзрит и цІэр зэрехьэ

**Анзорей къуажэ дэт 2-нэ курыт еджапІэм дыгъуасэ Іуэху дахэ щекІуэкІащ. А школым илъэс 30-кІэ щылэжьа, сабийхэр егъэджэным, гъэсэным зи гъащІэр тезыухуа, егъэджакІуэхэм папщІэ методикэ чэнджэщ зыбжанэ зи Іэдакъэ къыщІэкІа Табыхъу Хьэзрит Къанщауэ и къуэм и цІэр фІащащ.**

АБЫ хуэгъэпса зэІущІэм кърихьэлІащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ, КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ Ацкъан Руслан, тхакІуэ Жылэтеж Сэлэдин, Хьэзрит и благъэхэр, Іыхьлыхэр, и лэжьэгъуу, ныбжьэгъуу щытахэр.

Псалъэ гуапэ куэдкІэ ягу къагъэкІыжащ Табыхъу Хьэзрит а махуэм къызэхуэсахэм икІи жаІащ абы и фэеплъыр зэи зэрымыкІуэдыжынур, къуажэдэсхэми, ар зыцІыхуу щытахэми зэращымыгъупщэнур.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Лэскэн район.*

**★КъБР-м и Парламентым**

## Хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и бжьыхьэ сессиер гуфІэгъуэ ІуэхукІэ яухащ. Республикэм и агропромышленнэ комплексым, промышленнэ предприятэхэм, щІыпІэ самоуправленэм и органхэм, егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэхэм, суд, хэхакІуэ системэхэм я лэжьакІуэу 24-м Парламентым и ЩІыхь тхылъыр яритыжащ законхэр къыдэзыгъэкІ органым и спикер Чеченов Ануар. Республикэм и цІыху пашэхэм ящыщу 8-м КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым къыбгъэдэкІыу фІыщІэ хуащІащ.**

НАГРАДЭХЭР зратахэм я цІэкІэ Зауэм, лэжьыгъэм, ІэщэкІэ ЗэщІэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ Муллаев Шарафутдин депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи ахэр илъэсыщІэ угъурлы техьэну ехъуэхъуащ.

Чеченов Ануар наградэхэр зратахэм аргуэру зэ фІыщІэ яхуищІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр щІэгъэхуэбжьэным къаруушхуэ зэрырахьэлІэм папщІэ. Абы къыхигъэщхьэхукІащ Парламентым дяпэкІи республикэм и цІыху пашэхэм я пщІэр зэримыгъэкІуэдынур. Къызэхуэса псоми спикерыр ехъуэхъуащ Илъэсыщ ІэР угъур лы яхуэхъуну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьыным хуэгъэзауэ ехъулІэныгъэщІэхэр къахьыну. Хъуэхъу псалъэхэр апхуэдэу жаІащ Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Саенкэ Татьянэ, депутат щхьэхуэхэм.

**БОРОВИНСКАЯ Татьянэ.**

## ФІыщІэ яхуещІ

**Дыгъэгъазэм и 22 - 25-хэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым мы гъэм и иужьрей зэІущІэхэр иригъэкІуэкІащ. Абы щыхэплъащ Іуэхугъуэ 29-м.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 25-м иужьрей еджэгъуэу къащтащ республикэм 2010 гъэм иІэну бюджетым теухуа законыр. Абы пыщІа лэжьыгъэшхуэр пІалъэ кІэщІым къриубыдэу зэрызэфІагъэкІам папщІэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Тхьэзэплъыж Мурат депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи жиІащ бюджетыр тэмэму гъэзэщІа зэрыхъунум шэч къызэрытримыхьэр.

Зэхуэсахэр хэплъэжащ 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым илэжьа Іуэхугъуэхэм кърикІуам икІи 2010 гъэм зэфІагъэкІын хуейуэ къапэщылъхэр яубзыхуащ.

ЗэІущІэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ мыгувэу ди газетым тетынущ.

**ГЪУЩІО Зариф.**

**★ПщІэ**

## Къанокъуэ Арсен Кавказ Ищхъэрэм и унафэщІ нэхъыфІхэм ящыщу къалъытэ



**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм и унафэщІ нэхъ ІэкІуэлъакІуэхэм хабжащ. Республикэм и УнафэщІым и лэжьыгъэм апхуэдэ пщІэ къыхуищІащ УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Ипщэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Устинов Владимир, ФедерацэмкІэ Советым хэтхэм дыгъэгъазэм и 22-м щаІущІам.**

УСТИНОВЫМ зэрыжиІамкІэ, къулыкъущІэ нэхъ цІэрыІуэхэщ Ингушым и лІыщхьэ Евкуров Юнус-Бек, Шэшэным и Іэтащхьэ Кадыров Рамзан, Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщІ Къанокъуэ Арсен. Политикэ, дзэ анализымкІэ институтым и къудамэм и унафэщІ Маркедонов Сергей къызэрилъытэмкІэ, «Устиновым и социологием» нэхъыбэу къигъэлъагъуэр цІэрыІуагъэ къудейркъым, атІэ федеральнэ властым республикэхэм я унафэщІхэм дзыхьу къахуищІыр зыхуэдизырщ». Ар зэреплъымкІэ, Къанокъуэ Арсен къыхуащІа пщІэшхуэр нэхъыбэу зи фІыгъэр щІым пыщІа Іуэху гугъум теухуауэ цІыхухэр зэгурыгъэІуэным гулъытэшхуэ зэрыхуищІырщ, щІыналъэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр щызэдэлэжьэным хузэфІэкІ зэрыхилъхьэрщ.

**★Хъуэхъу**

## Илъэс 80 ирокъу

**Критик цІэрыІуэ, литературовед, ЩІДАА-м и академик, филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор ХьэкІуащэ Андрей пщэдей егъэлъапІэ къыщалъхуа махуэр - абы и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу!**

АДЫГЭ литературэр фІыуэ зылъагъу дэтхэнэ зыми ицІыху, илъэс 50-м щІигъуауэ щылажьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыгуэхыпІэ имыІэу зи гъащІэр епха, абы щезыгъаджэхэми студентхэми пщІэ зыхуащІ ХьэкІуащэ Андрей ди гуапэу дохъуэхъу узыншагъэ быдэрэ ехъулІэныгъэрэ иІэну, и хъуэпсапІэ псоми и Іэр техуэну.

***«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.***

*P.S. ХьэкІуащэм теухуа, абы и гупсысэхэр, и Іуэху еплъыкІэхэр къыщыІуэта тхыгъэхэр ди газетым и къыдэкІыгъуэ гъунэгъухэм ящыщ зым тетынущ.*

Номер зэхэт
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ
78

# Гулъытэ щхьэхуэ худощI

**КъБР-м хъыбарегъащIэ Iэнатiэхэмкiэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министр Пащты Борис ироплъэжблэкIа илъэсым.**

- ПСОМ япэрауэ, къыхэгъэщыпхъэу къызолъытэ щIалэгъуалэм я илъэсыр 2009 гъэм щIышылэм и 25-м дахэу къызэрызэIутхар. НыбжьыщIэхэм ятеухуауэ Iуэху 35-рэ дубзыхуати, и нэхъыбапIэр едгъэкIуэкIащ, - жеIэ Пащтым. - Абыхэм къахэзгъэщхьэхукIыну сыхуейт «Сэ Урысейм срицIыхущ», «Студент гъатхэ» щIыналъэпсо фестивалхэр. Иужьрейм цIыху мин 12-м нэс хэтащ. Сызэригугъэмкiэ, ар щапхъэфIщ Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэр зэкъуэгъэувэнымкiэ. А Iуэху дахэр тэмэму зэфIэха хъунымкiэ зыкъытщIэзыгъэкъуа псоми фIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейт.

Апхуэдэу ди министерствэм къепха лэжьакIуэ 500-м я щIэныгъэм зэрыхедгъэгъэхъуари хызобжэ ди ехъулIэныгъэхэм.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт зы ныкъусаныгъэ. Ар ди щIалэгъуалэм ядэлэжьэн, мы унэтIыныгъэмкiэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ лэжьакIуэхэр дызэримащIэрщ. Сыт хуэдизкiэ мы Iуэхум делэжьами, зы мащIэ тIэкIукiэ ди пIэм дикIауэ аращ.

Ди ехъулIэныгъэхэм ящыщщ «Кавказыр ди зэхуэдэ щIыналъэщ» фIэтщу едгъэкIуэкIа зэIущIэр. Абы хэтащ политикэм дихьэх щIалэгъуалэм щыщу Арменией, Азербайджаным, Куржым, Абхъазым, ЮФО-м и щIыналъэхэм лIыкIуэ къащIахэр.

Псапэ пщIам утемыпсэлъыхьыжмэ нэхъыфIщ, ауэ сабий зеиншэхэм, хуэмыщIауэ псэухэм, зи узыншагъэр мыщIагъуэхэм, анэхэм папщIэ ди щIалэгъуалэм зэфIах лэжьыгъэм ар зыхуащIэмкIи зыщIэмкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ.

ПщэрылъзыщытщIыжа Iуэхухэм ящыщу 2009 гъэр имыкI щIыкiэ зэфIэдгъэкIын хуейуэ къэнахэм нэхъ дызэгугъунур ЩIалэгъуалэм я илъэсыр зэрикIыр зэхыхьэ зэпэщкiэ КъБР-м щызэхуэтщIыжыныр, едгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр къыщытпщытэж зэIущIэ едгъэкIуэкIыныр арагъэнщ.



Пащты Борис

Гулъытэ щхьэхуэ хуэфащэу къысщохъу ди хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьэкIэм, абыхэм ди Iуэхухэр ягъэкIуатэу къызэрыткъуэтым. Дэри а IэнатIэм и лэжьакIуэхэм зэрытхузэфIэкIкiэ гулъытэ яхуэтщIынущ. Псалъэм папщIэ, щIыпIэ телевиденэр зэрылажьэ зэманыр нэхъыбэ егъэщIыныр, видеокамерэ, машинэ къахуэщэхуныр, нэгъуэщIхэмкIи защIэдгъэкъуэныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм хыдобжэ. Дэ ди мурадщ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм заужьыным хуэгъэзауэ илъэсыщIэм нэгъуэщI Iуэхухэри къыхэтлъхьэну.

*Епсэлъар*
**ФЫРЭ Анфисэщ.**

## ★ Ди псэлъэгъухэр

# И гупсысэм, зэфIэкIым, хьэл-щэным, щIэныгъэм доплъ

***Сыт хуэдэ зэманми къэралым и унафэщIхэр щIалэгъуалэм зэрахущытым къигъэлъагъуэу щытар зыщ - пщэдейм зэрегупсысырщ. Сыт щхьэкiэ жыпIэмэ, къэкIуэнур зейм уззрыхущытым, ар зэрыбгъасэм хуэдэщ уи пщэдейр зэрыхъунур. Мы Iуэхум теухуауэ и гупсысэхэмкiэ къыддогуашэ КъБР-м и Парламентым ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ я Iуэхухэмкiэ и комитетым и унафэщI Хьэщхъуэжь Татьянэ.***

**- Татьянэ, мы комитетыр къызэрызэрагъэпэщрэ куэд щIакъым, ауэ лэжьыгъэшхуэ зэревгъэкIуэкIыр наIуэщ. Фи къалэн нэхъыщхьэхэм, зэфIэвгъэкIахэм тхутепсэлъыхьыт.**

- Псом япэрауэ, къыхэгъэщыпхъэр комитетым «стIол хъурей», конференц, зэIущIэ къызэригъэпэщахэращ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абы хэтар щIалэгъуалэращ икIи ахэр тепсэлъыхьащ ныбжьыщIэхэм я хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэным, терроризмэр, экстремизмэр, Iулъхьэ тын-къеIыхыныр гъэмэщIэн е щымыIэххэн папщIэ лэжьын хуей Iуэхугъуэхэм. Сытым дежи хуэдэу, ди щIалэгъуалэм гупсысэ щхьэпэ куэд къыхалъхьащ. Умыгъэщ Iагъуэу къанэркъым ахэр ди щIыналъэм щекIуэкIхэм зэрытегузэвыхьыр, зыгуэркIэ сэбэп хъуну зэрыхущIэкъур. Ар къэтлъытэри, щIалэгъуалэр политикэм къыхэтшэным пыухыкIауэ гулъытэ хуэтщIащ. Дэ 2007 гъэм къызэдгъэпэща щIалэгъуалэ палатэм и лэжьэкIэмкiэ дыарэзыщ.

**- Сыт щIалэгъуалэм къахуищIэр а палатэм зэрыхэтым икIи сыт халъхьэфрэ абыхэм къэралым и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и лэжьыгъэм?**

- Гу зылъытапхъэраши, ди щIыналъэм зэи щыIакъым щIалэгъуалэ палатэ. Iуэхур ди дежкIи щIэти, зэфIэдгъэкIыну дубзыхуа псори и кIэм тхунэгъэсакъым.

КъБР-м и Парламентым щIалэгъуалэр щегъэгъуазэ къэралым щекIуэкI Iуэхухэм, трегъэгушхуэ езыхэми я гупсысэ къыхалъхьэну, лэжьыгъэ пыухыкIа ящIэну. ЩIалэгъуалэ палатэм къекIуалIэхэм уахэплъэмэ, мис апхуэдэ лэжьыгъэхэм теухуауэ зыгуэр зыхузэфIэкI куэд яхэплъэгъуэнущ, адэкIэ наIуэ къохъу къэралым хуэлэжьэну, сэбэп хуэхъуну ныбжьыщIэхэри.

Сэ сызэреплъымкiэ, абыхэм ирагъэкIуэкI Iуэхухэм я бжыгъэракъым узэплъын хуейр, атIэ зэрагъэзэщIэфар, утеIэзэщIыхьыжын хуэмейуэ зэрыпэлъэщаращ. ЩIалэгъуалэм уащIыдэджэгун щыIэкъым, абыхэм сыт хуэдэ къалэнри яхуэгъэзэщIэнущ.



Хьэщхъуэжь Татьянэ

**- Хэт щIалэгъуалэ палатэм хыхьэфынур?**

- ЩIалэгъуалэ палатэм хэтынухэр къызэрыхах хабзэр щIыналъэ газетхэми интернетми итащ. Ауэ жысIэну сызыхуейраши, ар Iуэху къызэрыгуэкIкъым, Iыхьэ зыбжанэу зэхэлъщ. Ягъэува мардэ псоми изагъэ, къалэн щащIахэм пэлъэща цIыху 33-рэ къыхах, ныбжькIэ илъэс 18 - 30-м иту. Къыхэгъэщыпхъэщи, ныбжьыщIэхэр щIыналъэ цIыхубэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студент зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм я лIыкIуэу щытын хуейщ. Иджы зы IуэхущIапIэм, зэгухьэныгъэм зы цIыхущ къигъэувыфынур. Къызэгъэпэща-кIуэхэр псом япэ зэплъыр цIыхум и хьэл-щэн, гупсысэкiэ, жэуаплыныгъэ хэлъращ.

**- Татьянэ, сыт хуэдэ псалъэкIэ щIалэгъуалэм захуэбгъэзэнт?**

- Псом япэрауэ, я гукъыдэжыр мыужьыхыу, IэщIамыудыфу, къыхалъхьэ Iуэхухэр бжыгъэншэу икIи купщIафIэу, я гум илъым я лъэр нэсу, къарууфIэу псэуну, зыужьыну сыхуейт. Ди щIыналъэр пэж дыдэу хуэныкъуэщ щIалэгъуалэ Iущхэм, зэфIэкI зиIэхэм, республикэм и политикэм, экономикэм, щыIэкIэ-псэукIэм сэбэп хуэхъуфын пашэхэм. Апхуэдэ цIыхухэм сытым дежи дэIэпыкъуэгъурэ щIэгъэкъуэнрэ ягъуэтынущ.

**УРЫСМАМБЭТ Беллэ.**

## КъБР-м и ЩIалэгъуалэ Правительствэм и унафэщI Щокъарэ Залинэ:

# Iуэху щхьэпэхэм хыдошэ

***ЩIалэгъуалэм заужьыным ехьэлIауэ 2009 гъэм республикэм щызэфIагъэкIа лэжьыгъэр мащIэкъым. Ар абыхэм я илъэсу зэрыщытым а Iуэхугъуэхэр сыт хуэдизкIэ пыщIами жыIэгъуейщ, ауэ наIуэр зыщ: ЩIалэгъуалэм я илъэсым щIадзащ ныбжьыщIэхэр хамэщI щыIэ университет нэхъыфIхэм къэрал мылъкукIэ щегъэджэныр, къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩIалэгъуалэ правительствэр. Республикэм щызэфIагъэкIа нэгъуэщI Iуэхугъуэхэр къэдмылъытэми, къэдгъэлъэгъуар и щыхьэтыфIщ лъахэр IэкIуэлъакIуэу зезыхьэн щIэблэ ягъэхьэзырыну КъБР-м и унафэщIхэм мурад зэращIам.***

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ правительствэм и унафэщIу хахащ «Вести: Кабардино-Балкария» нэтыныр езыгъэкIуэкI, КъБР-м и Президентым деж щыIэ Жылагъуэ палатэм хэт Щокъарэ Залинэ. Дэ абы зыхуэдгъэзащ, я щIалэгъуалэ IуэхущIапIэр къызэрыунэхурэ зэрылэжьа мазэ бжыгъэм кърикIуахэм тедгъэпсэлъыхьыну.

**- Залинэ, дауэ уеплъ-рэ, ЩIалэгъуалэм я илъэс зэрыхагъэщхьэхукIам сыт и мыхьэнэ?**

- Къэралым и щIыналъэ псори къызэщIиубыдэу щIалэгъуалэ политикэр нэхъ убзыхуарэ гурыIуэгъуэу егъэкIуэкIыным щIэдзапIэ хуэхъуу къызолъытэ ар. Абы и къалэн нэхъыщхьэщ щIалэгъуалэр жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм, политикэ лэжьыгъэм хэшэныр.

**- АтIэ, ЩIалэгъуалэм я илъэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым дауэ щекIуэкIауэ къэплъытэрэ?**

- Си гугъэмкIэ, ЩIалэгъуалэм я илъэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къехъулIащ. Мы гъэр кIуащ гъэщIэгъуэну, Iуэху дахэ куэд зэфIагъэкIыу. Псалъэм папщIэ, ди ЩIалэгъуалэ правительствэм дежкIэ пыухыкIауэ убзыхуа хъуащ ныбжьыщIэхэм гулъытэ нэхъ зыхуащI, нэхъапэ ирагъэщ Iуэхугъуэхэр: хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэныр, жылагъуэ-политикэ Iуэхухэм хэшэныр, IэщIагъэм дагъуэншэу



хуеджауэ лэжьапIэ IэнатIэм зэфIэкI къыщыгъэлъэгъуэныр. Дэ лэжьэн щыщIэддзэм зыщыдгъэгъуэзащ республикэм и щIалэгъуалэ IуэхущIапIэхэм я къалэнхэр зэрагъэзащIэм. КъыдгурыIуараши, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэр хуейщ хэлэжьыхьыну республикэм и экономикэми и жылагъуэ-политикэ Iуэхухэми. ИкIи, псом нэхъыщхьэраши, абы бгъэдэлъщ а IэнатIэхэм зэрыпэлъэщыну акъыли зэфIэкIи.

**- АтIэ, апхуэдэу щыщыткIэ, ЩIалэгъуалэ правительствэр зэрылэжьа мазэ бжыгъэм ехъулIэныгъэ гуэрхэри зэвгъэгъуэтагъэнщ.**

- Иджыри тэмэм дыдэу къызэгъэпэща мыхъуами, ди ЩIалэгъуалэ правительствэм лэжьэн щIидзащ. ИкIи псом япэу чэнджэщэгъу дахуэхъуащ республикэм къыщыунэхуа унагъуэщIэхэм. ЗэIущIэ едгъэкIуэкIам дыщытепсэлъыхьащ унагъуэщIэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ къэралым и пщэм дилъхьэжа къалэнхэр зыхуэдэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, щIалэгъуалэм ящыщ куэд абы щыгъуазэтэкъым.

КъищынэмыщIауэ, «Нэмыс» реабилитацэ центрым щедгъэкIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и унагъуэхэмрэ сабийхэмрэ социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ IэмалыщIэхэр» зыфIэтща республикэпсо конференц. ИкIи абы къыщызэIутхащ волонтерхэм я центр.

Гъуэгум къыщыхъу насыпыншагъэхэм хэкIуэдахэм я фэеплъу едгъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ГИБДД-м, министерствэ зыбжанэм, медицинэм я лэжьакIуэхэр. А зэIущIэм кърихьэлIат жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэри. Абы дыщытепсэлъыхьащ ди гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхугъуэхэм.

Зи узыншагъэм къимытIасэхэм я дунейпсо махуэм едгъэкIуэкIащ псапэ зыпылъ Iуэху. Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ я унэм дыкIуащ, Сабий творчествэмкIэ республикэ унэмрэ Налшык и 32-нэ курыт еджапIэмрэ я гъэсэнхэр ди гъусэу. Мы махуэхэм дэ идогъэкIуэкI иджыри зы Iуэху: «Сабийхэм - щIымахуэ хуабэ» - ращ абы фIэтщар. А Iуэхум къыхэтшащ еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ республикэм и хьэрычэтыщIэхэмрэ.

Иджыри зы Iуэхугъуэм сытепсэлъыхьыну сыхуейт: ЩIалэгъуалэ правительствэм и лIыкIуэу цIыхуиш иджыблагъэ Москва щыIащ, текIуахэм я «Прорыв» форумым хэтащ. Ар «Олимпийский» спорт комплексым щекIуэкIащ. Аращ ЩIалэгъуалэм я илъэсыр щызэхуащIыжари. Зэхыхьэм къеблэгъат Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий. А махуэ дыдэхэм Къэрал Думэм щызэхэтащ ЩIалэгъуалэ правительствэхэм я Ассоциацэм и зэIущIэ. Абы Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я ЩIалэгъуалэ правительствэхэр щыхэплъэжащ мы гъэм ялэжьа Iуэхугъуэхэм.

**- ЗэрыжаIэщи, дяпэкIэщ фызэфэну псыр къыщыжэнур. Сытхэр фи мурад?**

- Нобэ ЩIалэгъуалэм я илъэсым тхузэфIэкIа псом дытопсэлъыхь, зы пIалъэ къызэщIэдубыдэу. Ауэ ди лэжьыгъэр къэдгъэтIэсхъэнукъым. Ди проектхэм я нэхъыбэр дгъэзэщIэн хуейуэ къытпэщылъщ. Щалэгъуалэ политикэр дэнэ лъэныкъуэкIэ ямыунэтIми, ар езы ныбжьыщIэхэм яфIэмыгъэщIэгъуэнмэ, Iуэхухэр я пIэм иуджыхьынущ. Нобэ щIалэгъуалэм я жэрдэм дахэхэр къэралым диIыгъынри узыншагъэр хъумэным, щIэныгъэ егъэгъуэтыным, спортым зегъэужьыным пIалъэ кIыхькIэ мылъку хилъхьэнри я мыхьэнэкIэ зэхуэдэщ. А псори ди къэралым и къэкIуэнум телажьэу аращ. Ди ЩIалэгъуалэ правительствэм проект зыбжанэ игъэхьэзыращ министерствэ зэмылIэужьыгъуэхэм я къарум къихьын хуейуэ. Мыгувэу а министерствэхэм я унафэщIхэр, журналистхэр щыдгъэгъуэзэнущ ахэр зыхуэдэм.

**- Ди гуапэщ, Залинэ, фи мурад дахэхэр къывэхъулIэну.**

*Епсэлъар*
**КЪАРЭМЫКЪУЭ Залымщ.**

2009
ЩIалэгъуалэм я илъэс




ЩIэныгъэ

# Хабзэм изехьэкIэ амалхэм зафагъасэ

Демократие щыIакIэм рылэжьэрэ обществэ агъэпсэу аIозэ, тапэкIэ Урысыем тетыгъор щызыIыгъыгъэ купхэм мыхъомышIэгъабэ зэрахьагъ. Экономикэр зэрэзэхагъэтэкъуагъэм, цIыфхэм акIуачIэкIэкIэ зэIуагъэкIэгъэ мылъкур куп макIэм ыIэмычIэ илъ зэрашIыгъэм имызакъоу, зыпкъ иуцогъэ гъэIорышIакIэу хэгъэгум илъыгъэри зэщагъэкъогъагъ. Отраслэ зэфэшъхьафхэм зыпкъитыныгъэ хэлъэу Iоф ашIэным пае специалист IэпэIасэхэр зэрящыкIагъэхэм фэдэу, къэралыгъор гъэIорышIэгъэным ыкIи зещэгъэным опытышIу зиIэ политикхэр ищыкIагъэх. Ары къыткIэхъурэ ныбжьыкIэхэу тинеущырэ мафэ игъэпсакIоу щытын фаехэм нахь пасэу политикэм илъэныкъо шъхьаIэхэм зафагъэсэн фаеу пшъэрылъ къызыкIэуцурэр.

ЗэIугъэкIэгъуитIу хъугъэ Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет - Хасэм НыбжьыкIэ парламент зыщызэхащэрэр. ЯтIонэрэ зэIугъэкIэгъум хэтыщтхэу хыдзыгъэхэм бэмышIэу апэрэ зэхэсыгъор яIагъ. НыбжьыкIэ парламентым итхьаматэу ащ щыхадзыгъ НэтIэхъо Руслъан. Ар апэрэ зэIугъэкIэгъуми хэтыгъ, отпыт гъэнэфагъэ иI пIон плъэкIыщт.

Руслъан Мыекъопэ районымкIэ поселкэу Тульскэм къыщыхъугъ, гурыт еджапIэр къыщиухыгъ. Ащ ыуж Адыгэ къэралыгъо университетым июридическэ факультет дэгъу дэдэкIэ къыухыгъэу Мыекъопэ технологическэ универсистетым юристэу Iоф щешIэ. Политикэм ащ апэрэ лъэбэкъоу щишIыхэрэм, щыIэныгъэм илъэныкъо зэфэшъхьафхэм еплъыкIэу афыриIэхэм, игугъэ-гупшысэхэм къатедгъэгущыIэмэ тшIоигъу джырэблагъэ редакцием къедгъэблэгъэгъагъ.




- ЗэIугъэкIэгъуитIу хъугъэ НыбжьыкIэ парламентым узыхэтыр. Джы ащ итхьаматэу ухадзыгъ. Узипэщэ НыбжьыкIэ парламентым хэбзэ уна- шъохэр ихъухьэгъэнхэ пшъэрылъ имыIэми, ныбжьыкIэ купэу ащ хэтыхэр политикэм фэкIорэ гъогум теуцуагъэх. А лъэныкъомкIэ сыда гухэлъэу зыдэшъуIыгъхэр?

**- КъызэрэсшIошIырэмкIэ зиеплъыкIэхэр зэхьщыр ныбжьыкIэхэр типарламент щызэIукIагъэх. Пшъэрылъэу тиIэр политикэ лъэныкъомкIэ амалэу тиIэхэр къэдгъэлъэгъонхэр, кIэм тегъэпсыкIыгъэ гупшысакIэу зыдэтIыгъхэр щыIэныгъэм щыпхырытщынхэр, тинепэрэ ыкIи тинеущырэ щыIакIэ нахьышIу зэрэтшIыщтым тыфэлэжьэныр ары. Ащ пае Къэралыгъо Советым - Хасэм хэт депутатхэм такIэрыплъыщт, тэ тиеплъыкIэхэми тарыгъозэщт, парламентаризмэм къытырэ амалхэр дгъэфедэхэзэ ыпэкIэ тылъыкIотэщт, нахьыбэу тишIуагъэ къызэрэдгъэкIоным тыфэлэжьэщт. Сэ сызэреплъырэмкIэ, цIыфыр политикэм хэхьанэу, щылэжьэнэу фаемэ, ар къыдэхъущт. Тфэгъахъэрэ щыIэмэ, уахътэм ар нафэ къышIыщт, къытдэхъун горэхэри щыIэхэу сеплъы.**

- Апэрэ зэхэсыгъоу шъуиIагъэм къыщыпIогъагъ Къэралыгъо Советым - Хасэм зэхэщакIэу иIэм тегъэпсыкIыгъэу НыбжьыкIэ парламентми комитетхэр щызэхашъущтхэ зэрэшъуушIоигъор. АщкIэ шIагъэ горэхэр щыIэха?

**- Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет - Хасэм НыбжьыкIэ парламентым ехьылIэгъэ Положениеу ыухэсыгъэм комитетхэр зэхэщэгъэнхэу ыгъэнафэрэп. Ащ ехьылIэгъэ гъэтэрэзыжьынхэр дгъэхьазырыгъэх.**

**Къэралыгъо Советым - Хасэм иправовой ГъэIорышIапIэ ахэр игъо ылъэгъугъэх. Къэралыгъо Советым - Хасэм къыхьащт илъэсыкIэм иIэщт зэхэсыгъом ахэр зыщаухэсхэкIэ комитетхэр зэхэщэгъэнхэм ехьылIэгъэ правовой фитыныгъэ тиIэщт. А шIыкIэр нахь дэгъоу зыкIэтлъытэрэр лъэныкъо зэфэшъхьафхэм афэгъэзэгъэ комитетхэм ныбжьыкIэ парламентариехэр ащылажьэхэзэ нахьыбэу яшIуагъэ къагъэкIон алъэкIыщтышъ ары. Ащ тетэу IофшIэныр зэхэщэгъэным ыкIи нахьыбэу шIуагъэ къытэу гъэпсыгъэным апае, Парламентым и Тхьаматэу Анатолий Ивановым игъо къызэрэтфилъэгъугъэм тегъэпсыкIыгъэу, Къэралыгъо Советым - Хасэм щызэхэщэгъэ комитетхэм яIофшIакIэ нэIуасэ зыфэтшIыщт, джащ фэдэу зифэшъошэ комитетхэм яIофшIэн тыхэлажьэзэ тшIыщт, опыт къызыIэкIэдгъэхьащт.**

- КъызэтынэкIырэ илъэсыр ныбжьыкIэхэм яилъэсэу агъэнэфэгъагъ. О пшъхьакIэ сыда ащ къыпфихьыгъэр? Адрэ илъэсхэм ар атекIыщтыгъэу зэхэпшIагъа?

**- Сэ къысфэгъэхьыгъэу пштэмэ, къызэтынэкIырэ илъэсыр адрэ блэкIыгъэхэм зыгорэущтэу атекIыщтыгъэу зэхэсшIагъэп. НыбжьыкIэхэм яилъэс епхыгъэ Iофыгъо Iаджи тиреспубикэ щызэхащэгъагъэнкIи мэхъу. Ау IофшIэнэу згъэцакIэрэм ренэу сыпылъын фаеу зэрэщытыгъэр ыкIи нэмыкI лъэныкъохэм апае уахътэ зэрэсимыIагъэр арынкIи мэхъу зыкIи адрэ илъэсхэм атекIыщтыгъэу зыкIызэхэсымышIагъэр, сыгу къызыкIимынэжьыгъэр.**

- О узэреплъырэмкIэ, сыда непэ ныбжьыкIэхэр зыгъэгумэкIыхэрэр, гупшысакIэу зыдаIыгъыр, шIоигъоныгъэу яIэр?

**- Ахэр агъэгумэкIых тинепэрэ щыIакIэ гъэпсыкIэу иIэм ыкIи неущ ящыIакIэ зэрэщытыщтым. Хэгъэгум иэкономикэ къиныгъохэм зэрахэтым, зэрэщыIэщтхэр ежьхэм къалэжьын зэрамылъэкIырэм, IофшIапIэ зэрамыгъотырэм игумэкI ахэр хэмытынхэ алъэкIырэп. Джащ фэд унагъо зиIэ хъугъэ ныбжьыкIэхэм зычIэсынхэ унэ зэрагъэгъотын зэрамылъэкIырэр. IофшIэн зимыIэм сыдэущтэу зычIэсыщтыр зэригъэгъотын ылъэкIына? А лъэныкъохэр ары анахь къиныгъоу щытхэр. Ау ахэм язакъоп. Къалэу Мыекъуапэ пштэмэ, зыцIэ къесIогъэ къиныгъохэм къахэхъожьы язычъэпсэфын тэрэзэу зэхащэн зэрамылъэкIырэр.**

- Адэ ныбжьыкIэхэр сыдэущтэу хабзэм еплъыхэра? Цыхьэ фашIа?

**- КъызэрэсшIошIырэмкIэ, ныбжьыкIэхэм хабзэм икъоу цыхьэ фашIырэп. Бэмэ къызэраIорэмкIэ, нахьышIум ылъэныкъокIэ хабзэм зыгорэхэр зэрихъокIынхэм щыгугъыхэрэп. Ары ахэм янахьыбэр хэдзынхэр зыкIахэмылажьэрэри. Ащ ыпкъ къикIэу хабзэр зыIэ илъ хъущт цIыфхэм якъыхэхын джы зэлъытыгъэ хъугъэр нахьыжъ лIэужым илIыкIохэр ары.**

**ЩыIэныгъэм лъапсэ фэхъурэ Iофыгъо шъхьаIэхэр зэшIохыгъэ зэрэмыхъухэрэм елъытыгъэу, адрэ лъэныкъохэр ашIогъэшIэ-гъоныжьыхэп. КъызэрэсшIошIырэмкIэ, ащ тетэу зыкIэхъурэр федеральнэ телеканалхэм къатыхэрэмрэ чIыпIэхэм щыIэныгъэр зэращыгъэпсыгъэмрэ зэдиштэжьыхэрэпышъ ары. ЗэшIохыгъуаеу щыт къиныгъохэм мафэ къэс чIыпIэхэм ащяуалIэх ыкIи ащ ыпкъ къикIэу щыIэныгъэр нахь дэгъоу зыщыгъэпсыгъэ чIыпIэхэр псэупIэкIэ къыхахынхэ фаеу мэхъу. Краснодар макIох, ащ екIыхэшъ Урысыем икъэлэ шъхьаIэ лъэIэсых. Мылъку тIэкIу яIэ хъугъэ къызашIошIкIэ хэгъэгум екIыжьых. Ар гумэкIыгъоу щыт, сыда пIомэ ныбжьыкIэхэм ягупсэ псэупIэ ахъожьы зыхъукIэ демографие лъэныкъори ащ къызэщигъэкъон, джащ фэдэу ячIыпIэ гупсэ шIулъэгъоу фыряIэми къыкIичын ылъэкIыщт.**

- Непэ НыбжьыкIэ парламентым хэтхэу политикэм екIурэ гъогум теуцуагъэхэм яхьылIагъэу къэпIон хъумэ, зэхьщыр гупшысакIэ зыхэлъ ныбжьыкIэхэм тинахьыжъ политикхэм гъогоу хахыгъэр зэхъокIыгъэн фаеу алъытэ. ГущыIэм пае, экономикэм ехьылIагъэу угупшысэн хъумэ, республикэм ичIыпIэ пстэуми инвестициехэр хъоеу ащыгъэфедэгъэнхэ, республикэм къихьанхэм инвесторхэр кIэгъэгушIугъэнхэ фае. Ащ тетэу хъуным ыкIи цIыфхэр жъугъэу зыщылэжьэщтхэ IофшIапIэхэр къызэIуахынхэ алъэкIынэу гъэпсыгъэным апае, ахэм амалышIухэр ягъэгъотыгъэнхэ фае.

- О икъоу ущыгъуапэщтын нахь, а лъэныкъокIэ чIыпIэ хабзэр пшIэн плъэкIыщт пстэуми яусэу къысщэхъу. Инвестерхэр къегъэблэгъэгъэнхэм нэмыкI Iоф яIэжьэп пIоми хъущт. Мары илъэс къэс Шъачэ щыкIорэ экономическэ форумым мылъку хэплъхьанымкIэ узтенэцIыхьан ылъэкIыщт лъэныкъохэр къыщагъэлъагъох, къэлэ ыкIи район пстэуми инвестиционнэ площадкэхэр агъэхьазырыгъэх...

**- А зэпстэур дэгъу. Сэ къасIорэм къизгъэкIырэр апэ игъэшъыгъэн фэе лъэныкъохэр агъэнафэхэ зыхъукIэ нахьыбэу ыкIи нахь псынкIэу шIуагъэ къэзытын зылъэкIыщт лъэныкъохэр агъэнафэхэзэ, узэжэгон плъэкIыщтхэр зэкIэхьагъэнхэу гъэпсыгъэныр ары. Мары къалэу Мыекъуапэ изыгъэпсэфыпIэ парк гъэкIэжьыгъэным мылъкушхо пэIуагъэхьащтэу къаIуагъ. А Iофыр апэ игъэшъыгъэн фаехэм ащымыщынкIи мэхъу. НахьышIугъэба ащ щыщ Iахь псынкIэу зыкъэзыщэфыжьын ыкIи экономикэм хэхъоныгъэ езыгъэшIын зылъэкIыщт лъэныкъо горэм пэIуагъэхьэгъагъэмэ. КъызэрэсшIошIырэмкIэ, илъэс зытIущ уежэн фаеу хъущтми, ыужым шIогъэшхо къэзытыщт лъэныкъом мылъкур пэIубгъэхьаныр нахь тэрэз.**

- ЩыIэныгъэм зэрэхэплъэгъоштымкIэ, ныбжьыкIэхэм амбициознэ еплъыкIэхэр зыдаIыгъхэу къыхэкIы. НахьыбэмкIэ ащ лъапсэ фэхъурэр щыIэныгъэ опытыр зэрэмыиныр ары. Адэ, мы къэпIуагъэхэм ащыщхэр щыIэныгъэм щыпхырыщыгъэнхэм пае сыда ныбжьыкIэхэм пшъэрылъэу зыфашIыжьырэр?

**- НыбжьыкIэ парламентым хэтыхэм яхьылIагъэу къэпIон хъумэ, еплъыкIэу, шIошIэу, гупшысакIэу тиIэхэр амалэу щыIэхэм атегъэпсыкIыгъэу къэтIэтыщтых. Тызыщыхэукъорэ къыхэкIмэ, нахьыжъхэм тыкъагъэтэрэзыжьыщт. ЩыIэныгъэр ыпэкIэ лъыгъэкIотэгъэным ыкIи хэхъоныгъакIэхэр егъэшIыгъэнхэм пае апэрэмкIэ мытэрэзэу къыпщыхъущт еплъыкIэхэри ищыкIагъэхэу къыхэкIы. Зэхьщырэу хъужьэ гупшысакIэм текIыжьыгъэным фэшI джащ фэдэхэри гъэфедэгъэнхэ фаеу къысшIошIы. Тэ тлъэкIыщтымкIэ къогъанэ тшIыщтэп!**

- Ащыгъум, Руслъан, джащ фэдэ теубытэгъэ гущыIэхэм тизэдэгущыIэгъу ащытыухын. Тинеущырэ щыIакIэ игъэпсэкIощт ныбжьыкIэхэм гугъэпIэшIоу ятпхыхэрэм зыкъагъэшъыпкъэжьы зэрэтшIоигъори теубытагъэ хэлъэу къэтIон.

СЭХЪУТЭ Нурбый.

## Хъыбар кIэщIхэр

### КъулыкъущIэхэр ягъэхьэзыр

*Мейкъуапэ къэрал технологие университетым и студентхэмрэ къэрал, муниципальнэ управленэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэхэмрэ иджыблагъэ къызэрагъэпэщащ «Зыуэ щыт Урысей» урысейпсо политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и щIалэгъуалэ къэрал-хэкупсэ клуб. Абы хыхьащ 3-4-нэ курсхэм щеджэ ныбжьыщIэ 30-м щIигъу.*

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 24-м клубым и япэ зэIущIэ екIуэкIащ. Зэхыхьэм щытепсэлъыхьащ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и IуэхущIафэхэм, ар зытет и хабзэ нэхъыщхьэхэм. Кафедрэм и доцент Продиблох Надеждэ къызэрыхигъэщамкIэ, щIалэгъуалэ зэхуэсым и къалэн нэхъыщхьэу щытыр ныбжьыщIэхэм езыхэм я Iуэху еплъыкIэ яIэжу, абыкIэ я ныбжьэгъухэм, нэхъыжьхэм ядэгуэшэфу, нэгъуэщIхэм я гупсысэхэр зэхащIыкIыу гъэсэнырщ.

- Дэ дгъэхьэзырыр къулыкъущIэхэрщ. АтIэ ахэр щыгъуазэу щытын хуейщ Урысей Федерацэм и Правительствэм, «Зыуэ щыт Урысей» партым къэралым щрагъэкIуэкI политикэм, мурадхэм, гупсысэхэм, нэгъуэщIхэми, - къыхигъэщащ Продиблох Надеждэ.

### ШыIэныгъэм и махуэ

*ШыIэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу Адыгейм и республикэ педагогикэ колледжым махуитIкIэ щызэхэтащ лъэпкъ творчествэмкIэ щIалэгъуалэм я 3-нэ фестиваль.*

АБЫ ХЭТАЩ Адыгейм щыпсэу лъэпкъхэм я лIыкIуэхэр, я щэнхабзэхэр, хабзэхэр, фащэхэр, къафэхэр, шхыныгъуэхэр щагъэлъэгъуащ.

Фестивалыр къызэзыгъэпэщахэм - Адыгейм ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм - зэрыжаIамкIэ, абы и къалэн нэхъыщхьэр дин, лъэпкъ шыIэныгъэ яхэлъу, зэхудачыхыу, пщIэ зэхуащIу щIэблэр къэгъэтэджынырщ. Зэхуэсым я зэфIэкIыр щагъэлъэгъуащ республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

2009
ЩIалэгъуалэм я илъэс

И къулыкъум къалэн къыщищI Iуэху куэд иIэми, зэман къытхудигъахуэри иджыблагъэ псэлъэгъу къытхуэхъуащ Тхьэкъуахъуэ Мурат. А щIалэр и ныбжькIэ здынэса щымыIэми, и IуэхущIафэкIэ и цIэ фIыкIэ игъэIуфащ.

Мурат 1977 гъэм къыщалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Хьэбэз къуажэм. Абы курыт еджапIэр къыщиуха нэужь, Ставрополь дэт къэрал университетым щIэтIысхьэри, щытхъу иIэу юрист IэщIагъэр зригъэгъуэтащ. Дэтхэнэ цIыхухъуми зэрыхуэфэщэну, дзэ къулыкъури зыщIигъэкIри лэжьэн щIидзащ - ар хабзэхъумэхэм яхыхьащ. Ар щылэжьащ Ставрополь крайм юстицэмкIэ и министерствэм, суд пристав, регистрацэ къулыкъухэм, жэуаплыныгъэ ин зыпыщIа нэгъуэщI IэнатIэ лъагэхэри щIыхь пылъу зэрихьащ щIалэщIэм.

2008 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм Тхьэкъуахъуэ Мурат къыхуагъэфэщащ КъШР-м гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр IэнатIэр.


Тхьэкъуахъуэ Мурат

НобэкIэ Мурат Iуэхум дэгъуэу хэзэгъауэ, тыншу зэкIэлъигъакIуэу мэлажьэ. Тхьэкъуахъуэр зи пашэ министерствэм и нэIэм щIэтщ гулъытэрэ гу хуабагъэрэ хуэныкъуэ цIыхухэр. Апхуэдэщ сабий ибэхэр, дэхуэхахэр, ныкъуэдыкъуэхэр, сымаджэхэр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, жьыкIэфэкIэхэр. Хэхауэ министерствэм и дэIэпыкъуныгъэрэ гулъытэрэ зыгъуэтхэм ящыщщ Черкесск къалэм дэт, жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щыпсэу унэ-интернатыр, специализированнэ унэ-интернатыр, ныкъуэдыкъуэхэм щакIэлъыплъ, Московскэ хьэблэм щыIэ «Гулъытэ», Черкесск къалэм дэт «ГугъапIэ» унэхэр, нэгъуэщIхэри. Иджыпсту йолэжь ныкъуэдыкъуэхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъыну Эркин-Щыхьэр жылагъуэм деж къыщызэIуахыну центрым.

КъинэмыщIауэ, Тхьэкъуахъуэр зи пашэ министерствэм зэрегъакIуэ гуащIэдэкI зэхущытыкIэхэр, и нэIэм щIэтщ я IуэхущIафэкIэ, я быныфIагъкIэ, къинэмыщI ехъулIэныгъэхэмкIэ республикэм и цIэр зыIэтхэр. ЛэжьакIуэхэм я гуащIэдэкI хуитыныгъэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынри, абыхэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэнри министерствэм и къалэнхэм хохьэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдиз цIыхум уадэлэжьэныр, а псоми яхьэлIа Iуэхухэр зебгъэкIуэныр жэуаплыныгъэшхуэ зыпыщIа IэнатIэщ.




# Аргуныр ипэкIэ маплъэ


Аргун Мурат

ДызыщыгуфIыкIынщ гуп зэгурызыгъэIуэф, лэжьыгъэ зэтезыухуэф унафэщI щIалэщIэхэр иужьрей зэманым нэхъыбэ зэрыхъур. Ари ди нобэрей зэманым и зы нэщэнэ гурыфIыгъуэщ, щIэм, фIым ущигъэгугъыу. Мис апхуэдэ зы щIалэ иджыблагъэ псэлъэгъу къытхуэхъуащ. Ар Хьэбэз районым хыхьэ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм гипс щащIу щыIэ заводым и генеральнэ директор Аргун Мурат Олег и къуэращ.

**«ЛIЭ УЖЬЫР бжьиблкIэ мауэ» жыхуаIэр гъащIэм сыт щыгъуи нахуэ щохъу. И адэмрэ и адэшхуэ Iэбубэчыр (ПIатIэ) тхьэмыщкIэмрэ ялъ зэрыщIэтым и щыхьэ ту, щIалэм хэлъэт ахъырзэман иIэщ. Мурат и ныбжьымрэ Iуэхуу зэригъакIуэмрэ плъэгъуа нэужь, умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым, апхуэдизкIэ лъэщу, щIэм тету псори къызэгъэпэщащи. «БаIуэ нэхърэ бащIэ» псалъэжьыр зыхужаIэр мы щIалэщIэм хуэдэу, псалъэм нэхърэ Iуэхур нэхъ къыхэзыхыу къыщIэкIынщ.**

Аргун Мурат Куэш-Хьэблэ къуажэм 1982 гъэм къыщалъхуащ, ноби абы щопсэу. Курыт еджапIэ нэужьым Ставрополь дэт къэрал университетым щIэныгъэ ищхьэ щызригъэгъуэтащ. Ар щылэжьащ «Дадым» фирмэм, банкым, дзэми къулыкъу щищIащ. Абыхэм щIалэр нэхъри япсыхьауэ, и IэщIагъэкIи зиужьауэ мэлажьэ.

И лэжьыгъэм къытхутепсэлъыхьмэ ди гуапэу Мурат зыхуэдгъэзащ.

- Зэманыр зэрыхьэлъэм емылъытауэ, цIыхухэм лэжьапIэ IэнатIэ зэреттыным дыпылъщ. Нэрыбгэ 80 догъэлажьэ, къинэмыщIу, зэман-зэманкIэрэ, Iуэхуу диIэм елъытауэ, нэгъуэщI цIыхухэри къыдогъэблагъэ. ОборудованэщIэ хьэлэмэтхэр диIэщ, Тыркум къыщытщэхуауэ. Ахэр гъэIэрыхуэным иужь дитщ. Ар тхуэзэфIэкIмэ, лэжьакIуэм и Iуэхури нэхъ псынщIэ хъунущ, уасэкIи нэхъ фейдэ диIэнущ.

КъинэмыщIу, сату зыдэтщIхэри абы нэхъыбэ зэрищIынум шэч хэлъкъым. ИджыпстукIэ къыщIэдгъэкI пкъыгъуэхэр нэхъыбэу зыщэхур Урысейм и Ипщэ щIыналъэращ, Москваи дыдолажьэ. Дигу къемыуэу къанэркъым ди республикэм сату Iуэхухэр иджыкIэ дызэрыхуейуэ зэрыщызэтедмыухуар, ауэ ари дгъэзэкIуэжыну ди мурадщ.

- Мурат, фи деж щылажьэ цIыхухэр арэзы я улахуэкIэ, лэжьыгъэкIэ? Мы дунейр зэрыщыту зыхэт экономикэ кризисыр фэ къывэгуэуакъэ?

- Экономикэ кризисыр дэри къыдэмыгуэуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Арами, экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэр къемыжьэ щIыкIэ диIауэ щыта цIыху бжыгъэр догъэлажьэ, зэрыIудмыгъэкIынIам дыпылъщ. УлахуэкIи я жагъуэ тщIыркъым, ахъшэр и чэзум ядот, фIыщIапщIэхэри яхудогъэфащэ къыхэжаныкIхэм. КъинэмыщIу, пщIэншэу ерыскъы пщтыр, гурыхь махуэ къэс щагъуэт шхапIэ хьэлэмэт диIэщ. АбыкIи арэзы хуэдэщ лэжьакIуэхэр.

- Сыт хуэдэ къалэнхэр зыхуэвгъэувыжрэ дяпэкIэ, Мурат?

- Псом япэрауэ, цIыхухэм я дежкIи ар нэхъ фейдафIэ хъуну къыдолъытэри, къыщIэдгъэкI пкъыгъуэхэр республикэм щытщэжу ди лэжьыгъэр зэтедухуэну дыхуейщ. АдэкIэ ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп пкъыгъуэщIэхэр къыщIэдгъэкIыу къызэдгъэпэщыфынущ.

Мурат щIалэгъуалэр фIыуэ еджэу, нэхъыжьым пщIэ хуащIу къэгъэхъуным гулъытэ хэха игъуэтыпхъэу къелъытэ. НэгъуэщI хъуэпсапIи иIэщ унафэщI ныбжьыщIэм. Ар хуейщ нэхъыжьхэми я дэIэпыкъуныгъэ къыхалъхьэу, адыгэ лъэпкъыр зэрыубыдыжыну, нэгъуэщI хэгъуэгухэм щыпсэу еджагъэшхуэхэр, щIэныгъэм, щэнхабзэм хуэщIахэр кърагъэблагъэу абыхэм я псалъэ узыншэхэмкIэ, чэнджэщ IущхэмкIэ щIалэгъуалэм къадэгуашэу ягъэпсыну.

ЦIыхухэм я сэбэп зыхэлъ IуэхуфI куэди Мурат зэрызэфIигъэкIым дыщыгъуазэщ, ищIэм куэдрэ тепсэлъыхьыжу и мыхьэлми. Псалъэм папщIэ, Али-Бэрдыкъуэ дэт курыт еджапIэхэр зэгъэпэщыжынымкIэ, адыгэ фащэхэр къащэхунымкIэ защIигъэкъуащ, адэкIи и мурадщ а Iуэхум пищэну. Гулъытэ хуищIащ Жьакуэ курыт еджапIэми...

АтIэ, апхуэдизу IуэхукIэ щIэгъэна щIалэм, дауи, зыгъэпсэхугъуэ гуэри иIэн хуейщ. Абы дыщытепсэлъыхьым, Аргуным и жыIэкIэмкIэ къыдгурыIуащ спортым зэрыдихьэхыр, зэрылъэкIкIи и зыгъэпсэхугъуэ зэманыр «Нарт» стадионым, нэгъуэщI спорт залхэм зэрыщигъакIуэр. КъинэмыщIу, адэкIи хыхьэхэкIым зрипщытыну мурадыфIхэр иIэщи, Тхьэм къыдигъэхъу.

Нэхъыщхьэращи, ипэкIэ маплъэ, хъуэпсапIэ иIэщ, къалэнхэр зыхуегъэувыж Аргун Мурат. Аращ атIэ псэуну, лэжьэну, гъащIэм декIуу щытыну хуей цIыхум и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр. А псори ныбжьыщIэм щыдэплъагъукIэ, зыужьыныгъэ псалъэр къызэрыгуэкI мыхъуу, IуэхукIэ зыгъэнщIыф, зэманым декIу щIалэгъуалэ зэрыдиIэр нэхъри хьэкъ пщохъу.

КЪЭСЕЙ Былэ.

# КъэкIуэнур зейхэр

- ШЭЧ ХЭЛЪКЪЫМ, хьэлъэщ. Дэтхэнэми зыщIэбгъэкъуэну зэрыхуэфащэр къыщыбгурыIуэкIэ, а псоми яхухэпхын мылъку ирикъуу ущимыIэкIэ, псэкIэ гугъу уохь. Ауэ, арами, дэтхэнэми лъысыпхъэ гулъытэмрэ пщIэмрэ зэрыхуэтщIыным, зэрытхузэфIэкIкIэ дазэрыкIэлъыIэбэным дыпылъщ. Республикэм и Президентым зэрыжиIэщи, экономикэ кризисыр ди щхьэхэм къимыхьэмэ, аращ нэхъыщхьэр. Долажьэ, псори ди нэIэм зэрыщIэдгъэтыным дыпылъщ. Хэку зауэшхуэм хэтахэм псэупIэ яIэным, субсидиехэр ялъысыным ехьэлIа Iуэхухэм хэхауэ яужь дитщ иджыпсту. А псом къинэмыщIауэ, ИлъэсыщIэр къэблэгъэпащи, абы ехьэлIауэ Iуэху гуапэхэм дыхэтщ, гуфIэгъуэ пшыхьхэр едгъэкIуэкIынущ. Абыхэм ящыщщ Президентым и елкэ махуэщI дауэдапщэхэри. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм гулъытэ щахуэтщIынущ сабий ибэхэм, дэхуэхахэм. Псори зэхэту сабий 40 хуэдиз кIуэнущ УФ-м и Президентым и цIэкIэ Москва къыщызэрагъэпэщ елкэм теухуа гуфIэгъуэхэм хэтыну. Ди министерствэм къыбгъэдэкIыу абы хэтынущ нэрыбги 9, - жеIэ Тхьэкъуахъуэм.

- Мурат, дыщыгъуазэщ иджыблагъэ хьэжыщI узэрыщыIам. Абы ехьэлIа уи гупсысэхэм, уздэщыIам утхутепсэлъыхьыжамэ ди гуапэт.

- Мы гъэм си щыпэкIуэкъым хьэжыщI, етIуанэу сыщыIащ. ЦIыху къызэрыгуэкIым и еплъыкIэкIэ жыпIэмэ, ди деж нэхърэ дуней щытыкIэр щынэхъыфIщ: ди щIыIэм ухэкIыу абы я хуабэм ущыхыхьэкIэ, удимыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. ГъэщIэгъуэнракъэ, уи псэ щытыкIэми зэуэ зехъуэж, гупсэхугъуэ гуэр уогъуэт. АдреймкIэ, сыщIэкIуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр дэтхэнэ муслъымэнми ар и фарзу зэрыщытращ, лъэкIыныгъэ уиIэ закъуэмэ.

ХьэжыщI зыпIэту укIуэн закъуэракъым Iуэхур зэпхар. Гъуэгу утехьэным и пэ къихуэу мыдэкIэ къэбгъанэ уи быныр зыхуэныкъуэншэу, ишхынрэ щитIэгъэнкIэ гуныкъуэгъуэ уэри езыхэри хэмытыжыну бгъэпсу уежьэн хуейщ. Мы гъэм хьэжыщI кIуахэм ящыщу нэрыбги 125-м Арэшыкъуэ Раул и дэIэпыкъуныгъэ, гъэ къэси хуэдэу, ягъуэтащ. Гъуэгур хьэлъэщ, езы хьэжыщIым ехьэлIа Iуэхугъуэхэри псынщIэкъым, ауэ ущIежьам къыпхилъхьэ къарум укъехъумэ.

Хьэж цIыкIу жоуэ щыIэщ. Абы хеубыдэ Чэбэ и хъуреягъыр къэпкIухьыныр, Сэхьи IуащхьитIым я зэхуакум блэнейрэ удэкIыныр, рэкихьэт-нэмэзитI пщIыныр, Зэнзэныпсым ефэныр, щхьэр къеупсэхыныр. АбыкIэ хьэж цIыкIур зэфIокI.

Хьэжышхуэм нэгъуэщI Iуэхугъуэхэр пыщIащ. Мэчэм къыдокIхэри Минэ аузым макIуэ. Абы зы махуэр ехь. Аргуэру зы махуэ Арафат бгым дэкIыным ехь. Абдеж щыпщI нэмэзымрэ лъэIумрэ псом нэхърэ нэхъ къабылу къалъытэ. Абдеж зы жэщ-махуэ щыбогъакIуэ, пщэдджыжь нэмэзри зэфIыбогъэкIри, Муздалифэ аузым укъохыж. Абдежым тхьэлъэIухэмрэ нэмэзхэмрэ ухэту жэщыр щыбогъакIуэри, Минэ аузым укъокIуэж, иужькIэ мывэ цIыкIухэр шейтIанхэм ибоутIыпщ. Мис а псори зэфIэкIа нэужь щхьэж хузэфIэкI псэущхьэ къурмэн ящI.

ИужькIэ Мэчэм къагъэзэжри Чэбэм и хъуреягъыр къакIухь, тIэуаф жыхуиIэр ягъэзащIэ, Сэхьи IуащхьитI зэхуакум докI, рэкихьэт нэмэзи 2-р ящI. ИужькIэ Минэ аузым макIуэри махуищкIэ мывэ цIыкIухэр ядз. КIэщIу и гугъу пщIымэ, ар хьэжышхуэ жыхуаIэращ. Укъыщежьэжыну дыдэм деж мывэм и хъуреягъыр иджыри зэ къыбокIухьыж. А псор бгъэзэщIэныр Iэмал зимыIэщ, хьэж пщIауэ жыпIэн и пэкIэ.

- Мурат, муслъымэныгъэр фIыщ. Ауэ уи къулыкъукIи ущIэгъэнащи, дин Iуэхури къэрал къулыкъури пхузэдэхьрэ? ЩIалэгъуалэм тэрэзу зэрихьэрэ дин хабзэхэр?

- КъызгуроIуэ апхуэдэ гурыщхъуэр. Ауэ, пэжу жыпIэмэ, гукIи псэкIи сфIэкъабыл дыдэу дин Iуэхухэм сыхэтщ. Абы и щыхьэтщ зэ закъуэ зыщыгъэгъуазэ хьисэпкIэ сыкIуа мыхъуу, етIуанэрейуэ хьэжыщI сызэрыщыIари. АдреймкIэ, апхуэдэ гурыщхъуэхэр къызыхэкIыу къэслъытэр иджы щIалэгъуалэм егъэлеиныгъэ, муслъымэныгъэм къемыкIу гуэрхэр кърахьэжьэу, дин Iуэхухэр зэрызэблашырщ. Тэрэзу, хабзэм къигъэлъагъуэ мэсхьэбым уиту зепхьэмэ, уи акъыли уи дуней еплъыкIи зыкIи зэIигъэхьэркъым муслъымэныгъэм, ар фи фIэщ фщIы. Си къулыкъурари, къысщхьэмыпэмэ, зыкIи зэран къысхуэхъуркъым дин Iуэхухэм сызэрыхэтыр. IэдэбкIи, Iуэху еплъыкIэкIи, бэшэчагъкIи, зышыIэныгъэкIи... сыт и лъэныкъуэкIи цIыху хьэлщэн дахэм утетынымкIэ къыпхуощхьэпэ ар.

*Мис апхуэдэщ дызыхэт лIэщIыгъуэм и унафэщIым и шыфэлIыфэр. ЩIалэщ, лэжьыгъэкIэ щIэгъэнащ, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрехьэлIэф, зыр зым зэран хуэмыхъуу, гъащIэм и лъэныкъуэ псоми щыгъуазэщ. КъэкIуэнур зейр щIалэгъуэращ жыхуиIэращ.*

ТУАРШЫ Ирэ.

## ★ Лъэпкъ Iущыгъэхэр

- ♦ Пхуэмыфащэ щауэгъу умыщI.
- ♦ ПщIищэ нэхърэ зы пэж.
- ♦ Узыхэтым уаймыкIумэ, уи унэ умыкIуэж.
- ♦ Уи адэ-анэ яхуэпщI нэмысыр уи бынми къыпхуащIыжынщ.
- ♦ Уи анэ къобэнми зрумыгъэуд.
- ♦ Уи гуащIэ еплъи уи лъэ гъэбакъуэ.
- ♦ Уи гур зыхуеIэм уи Iэр лъоIэс.
- ♦ Уи нэ гъаплъи уи лъэ гъэув.
- ♦ Уи псалъэ гъэIэси, уи нэмыс гъэбыдэ.
- ♦ Уи щхьэ хуэпщIыжыр уи нэмысщ.
- ♦ УмыгъэтIылъ къэпщтэ жыркъым.
- ♦ УмыщIэм ущIэупщIэныр емыкIукъым.
- ♦ Унэм зыщыгъаси хасэм яхыхьэ.
- ♦ УпщIэ щIэщхъуркъым, щIэщхъу щIэнэркъым.

2009
ЩIалэгъуалэм я илъэс



Адыгэ псалъэ · Адыгэ макъ · Черкес хэку
№246 (21.654)
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 26



# Нэхущ Залинэ: Куэдрэ си нэгу щIэтынущ Москва щыслъэгъуахэр

Анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъуэ Ещанэ Урысейпсо мастер-класс иджыблагъэ щекIуэкIащ ди къэралым и щыхьэр Москва. МахуищкIэ зэхэта а зэIущIэр ирагъэкIуэкIащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ щIэныгъэм зегъэужьынымкIэ абы и федеральнэ IуэхущIапIэм Лъэпкъ щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и институтымрэ. Ди республикэм къыбгъэдэкIыу лъэпкъыбзэхэмкIэ езыгъэджхэм я къэралпсо зэхьэзэхуэм хэтащ Бахъсэн куейм хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм дэт курыт школ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Нэхущ Залинэ. ИпэкIэ Залинэ пэрыт щыхъуащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэми «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкIа «УФ-м и егъэджакIуэ нэхъыфI» къэралпсо зэхьэзэхуэми. Иджырей зэпеуэм хэтам и мызакъуэу, «Методикэ жыджэрагъымрэ Iэзагъымрэ» унэтIыныгъэм пашэ щыхъуащ, апхуэдэуи УФ-м и щIыналъэ 19-м я егъэджакIуэхэр зыхэта «Си лъахэ, си школ, си IэнатIэ» презентацэми адрейхэм щатекIуащ.

Дауи, абы и текIуэныгъэхэм ирогушхуэ республикэм и егъэджакIуэхэр, Залинэ и адэ-анэр, ар къызыхэкIа Нэхущ лъэпкъыр, и къуажэгъухэр. СызэригугъэмкIэ, псом нэхърэ нэхъыбэу Залинэ и ехъулIэныгъэхэм щыгуфIыкIащ ар зэпеуэм хуэзыгъэхьэзыра, зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэгъэпэщынымкIэ жэрдэмщIакIуэу щыта, зэхьэзэхуэм тригъэгушхуэу Москва щигъуса Балэ Людмилэ. «Залинэ зыкIэ дахэу утыку итти, актер Iэзагъ зэрыбгъэдэлъыр бэянт. ЗэрыегъэджакIуэ Iэзэм къищынэмыщIауэ, Залинэ дахэу къофэ, гуакIуэу уэрэд жеIэ. Филологие щIэныгъэхэм я кандидат Нэхущым сохъуэхъу и зэфIэкIхэм адэкIи хигъэхъуэну», - жеIэ Балэм.

Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр зыIэригъэхьауэ щалъхуа щIыналъэм къэкIуэжа Залинэ нобэ «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщ. Ар тхутопсэлъыхьыж Москва щызэхэта зэпеуэм.

- Залинэ, уи текIуэныгъэшхуэмкIэ дынохъуэхъу. Сыт хуэдэу къыпщыхъуа Москва, абы и цIыхухэр, зэпеуэр?

**- Махуищым къриубыдэу Москва щыслъэгъуа псори си гум куэдрэ илъынущ. Москва сызэрыхуейуэ зыщысплъыхьыну апхуэдэ Iэмали диIакъым, ауэ си нэгу щIэкIа псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ си дежкIэ. СызэригугъэмкIэ, гъащIэм апхуэдэ къызэрыщыхъур зэщ. А зэми Iуэхум хуэIэижьу зыкъэбгъэлъэгъуэным, адрей щIыналъэхэм я лIыкIуэхэм уакъыкIэрымыхуным, уеблэмэ япэ уищыным уи гур теухуауэ щытыныр къалэнышхуэт си дежкIэ. Ипэ илъэсхэм апхуэдэ зэпеуэхэм щыIа Бекъан Масирэт, Мэшыкъуэ Iэсият, Джангуразовэ Лизэ, Соттаевэ Лидэ сымэ я пщIэр зэрызмыгъэлъэхъшэным сыхущIэкъуну сигу ислъхьат, ар зэрыгъэззэщIэгъуейм иджыри сыщымыгъуазэу.**

**Уи закъуэу а псом зупщытыну, апхуэдэ утыкушхуэм уихьэну тыншкъым. Си насыпти, си гъусащ сыткIи чэнджэщэгъу икIи унэтIакIуэ къысхуэхъуа Балэ Людмилэ. Ар си псэлъэкIэми, зэпеуэм хуэзгъэхьэзыра дэфтэрхэми, гъэлъэгъуэныгъэхэми - псоми кIэлъыплъащ, зэрыщытын хуей пщалъэм ахэр игъэувэнымкIи лъэкI къигъэнакъым. Апхуэдэу КIуж Инни хуабжьу сэбэп къысхуэхъуащ. Абы си зы лъэбакъуэ къимыгъанэу видеокамерэмрэ сурэттехымкIэ «къиубыдыну» хущIэкъуащ. ЖыпIэнурамэ, зэпеуэм щыри дызэдыхэтт. Абы нэмыщI къыздэIэпыкъуащ Москва щеджэ Балэ Анзор (Людмилэ и къуэщ).**

**Зэпеуэм дыкIуэн и пэ къихуэу Лъэпкъ щIэныгъэ IуэхухэмкIэ институтым едгъэхьат си лэжьыгъэм теухуа материалхэр. Абы хэлът егъэджэныгъэми, щIэныгъэми, методикэми теухуауэ сиIэ зэфIэкIыр къыщыгъэлъэгъуа статьяхэр, пособиехэр, урокхэм я планхэр, си текIуэныгъэхэм щыхьэт техъуэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. Иджы си къалэнт сыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрыр, си школыр лъэныкъуэ куэдкIэ къозыгъэцIыху сурэтхэр, тхыгъэхэр, тхылъхэр, видеоматериалхэр къыщыхьа гъэлъэгъуэныгъэ къызэзгъэпэщыну. Ахэр тэмэму къызэхъулIэмэ, «Си лъахэ, си школ, си IэнатIэ» зыфIаща зэпеуэми сыхагъэхьэнут.**

**Тыншкъым къодаIуэхэр фIыуэ плъагъу уи лъахэм, уи еджапIэм, уи лэжьыгъэм дакъикъипщIым къриубыдэу щыгъуазэ пщIыну. Мыбдеж къыщыдгъэсэбэпащ 16-нэ лIэщIыгъуэм Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэхуаку дэлъа зэпыщIэныгъэхэр, ди лъахэгъухэм ящыщу адыгэм и цIэр къэралпсо, дунейпсо утыкухэм фIыкIэ щызыгъэIуахэр, ди республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ иджыпсту ди щIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэ щхьэпэхэр, псом хуэмыдэу гулъытэ щхьэхуэ абы егъэджэныгъэм, щIэблэр хэкупсэу гъэсэным зэрыхуищIыр къэдгъэлъагъуэу. Ди школми щекIуэкI лэжьыгъэри гулъытэншэ сщIакъым. Си псалъэхэм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэри, сурэтхэри, видеотеплъэгъуэхэри дгъэхьэзырат. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зыхэплъа егъэджакIуэ 30-м я дэфтэрхэм щыщу мастер-классым хэтыну къыхахар лъэпкъ 19-м я егъэджакIуэхэрт. Зи цIэ къраIуахэм сэри сащыщт.**



Залинэ иша сурэтхэм йоплъ Балэ Людмилэрэ абы и къуэ Анзоррэ.

Ди★догъэлъапIэ

- Ар щыхьэрым щызыIэрыбгъэхьа ехъулIэныгъэхэм я япэ лъэбакъуэт…

**- «Си лъахэ, си школ, си IэнатIэ» зэпеуэм сыхагъэхьауэ къыщытщIам, утыкум сызэрихьэнум зыхуэдгъэхьэзыращ. ПIастэр Iуащхьэмахуэ и теплъэу тщIащ, джэдыкIэ гъэщэщар уэсу тетпхъащ, лыгъур, джэд гъэжьахэр нэхъ илъабжьэIуэкIэ къыщыт бгыуэ кIэрытлъхьэжащ, лъэпкъ шхыныгъуэхэм халъхьэ удзхэм, бжьын Iэрамэхэм къахэтхри къудамэ цIыкIухэр жыг папщIэу къедгъэтIысэкIащ. Абы тхылъымпIэпс къетшэкIри Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бэракъым и плъыфищми ещхь лентIищыр къетшэкIыжащ. Ар псоми ягу ирихьащ. Зэпеуэм и пэщIэдзэу лъэпкъ сыкъызыхэкIам хабзэ дахэ куэд зэриIэр жысIащ.**

**А махуэр мыIейуэ зэфIэдгъэкIауэ къилъытащ Балэм. Ауэ иджыри дызэлэжьын диIэт: мастер-классыр къытпэщылът.**

- СызэрыщыгъуазэмкIэ, мастер-классым хэту егъэджакIуэхэм дерс зырыз ятын хуеящ. Уэ сыт хуэдэу бгъэхьэзырат ар?

**- ПцIыр сыткIэ щхьэпэ - мастер-классыр нэхъ къызэхьэлъэкIащ. Залым щIэсхэм садэлажьэу езгъэкIуэкIыным тезухуат си дерсыр. Къалэн нэхъыщхьэу зыхуэзгъэувыжар нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэм Къудащ Раисэ и «Псей цIыкIу мэзышхуэм къыщыкIащ» уэрэд цIэрыIуэм и сатыриплIыр адыгэбзэкIэ езгъэщIэнырт. АбыкIи къэзгъэсэбэп хабзэ Iэмалхэр езгъэлъагъунырт. Уэрэд цIыкIум и авторыр зэрыадыгэм гу лъезгъэтащ, уэрэдыр адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ зэрыщыIэм и щыхьэту ар яжесIащ. ИужькIэ ар ди бзэкIэ залым щIэсхэми къыздыжаIащ.**

**Дакъикъэ тIощIыр зэрыкIуар сымыщIэу блэлъэтащ. Сызыхуэарэзыжтэкъым, сыт щыгъуи хуэдэу, ауэ си гъусэхэм я нэгум дэрэжэгъуэ ислъагъуэрти, абы сигъэгуфIэрт. Псоми семыфIэкIами, ипэ итхэм сыхабжати, къыкIэлъыкIуэ Iыхьэми сызэрыхэтынур къызгурыIуат, абы къаруущIи къысхилъхьэжат. Ар «Лъэпкъ фащэхэр» унэтIыныгъэрт.**

- Зэпеуэм узэрыхэта фащэм и гугъу къытхуэщIыт. Ар махуищми пщыгъа?

**- Урысейпсо утыкум сызэрихьэну адыгэ фащэр дэрбзэр цIэрыIуэ ХьэцIыкIу Мадинэ езгъэдат. БгъэIулъри, бгырыпхри нэхъыжьхэм унагъуэм щытхуахъумауэ диIэт. Пхъэ вакъэри къэтлъыхуащ. Мадинэ ид фащэхэм ятеухуауэ, абыхэм я сурэт телъыджащэхэри иту, къыдэкIа тхылъ 20 хуэдиз жюрим хэтхэм яIэщIэтлъхьащ, залым щIэсхэм ахэр зэрыт открыткэхэр тыгъэ яхуэтщIащ.**

**Анзор утыкум сыкъришэри уэркъ къафэ дгъэзэщIа нэужь, адыгэ фащэм сытепсэлъыхьащ.**

**Ещанэ махуэри, пэжыр жыпIэмэ, нэхъ тыншу щытакъым. Анэдэлъхубзэр, урысыбзэр, а бзитIыр лъэпкъыбзэуи къэралыбзэуи зэрылажьэм теухуауэ екIуэкIыну псалъэмакъым ухэтын, иджыпсту къащтэ федеральнэ стандартым зэрыхэпщIыкIыр къэгъэлъэгъуэн хуейт. Мыбдеж къыщыхэзгъэщащ зэреджэ тхылъхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ ди Президентым и жэрдэмкIэ республикэм къыщащта хабзэр.**



Нэхущ Залинэ *(ижьымкIэ етIуанэу щытщ)* Москва ныбжьэгъу куэд щигъуэтащ.

- Залинэ, зэпеуэм щыплъэгъуахэм ящыщ куэд, дауи, уи лэжьыгъэм дяпэкIэ къыщыбгъэсэбэпынущ…

**- Шэч хэлъкъым. Слъэгъуа, зэхэсха псоми куэдым срагъэгупсысащ. Апхуэдиз егъэджакIуэ Iэзэм я лэжьыгъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэмрэ щэхухэмрэ сызэрыщыгъуэзам уасэ иIэкъым. Ахэр си закъуэ къэзгъэсэбэпыну къудейкъым, атIэ си лэжьэгъухэми садэгуэшэнущ.**

**«Адыгэ псалъэр» къэзгъэсэбэпу, фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт зэпеуэм сыхэтыну Iэмал къызэзытахэу КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий, егъэджэныгъэмкIэ Бахъсэн куей IэнатIэм, ди школым я унафэщIхэм. Псом хуэдэжкъым Балэ Людмилэрэ КIуж Иннэрэ. Ахэр мыхъуамэ, апхуэдэ ехъулIэныгъэ лъагэхэм сынэмысынкIи хъунт. Тхьэм игъэпсэухэ.**

*Епсэлъар*
КЪАРДЭН Маритэщ.

# Зи мурадыр ерыщу зэзыгъэхъулIэ

ДЭТХЭНЭ зы адэ-анэми и хъуэпсапIэщ и быныр гъащIэм хэзэгъауэ, ехъулIэныгъэхэр иIэу, зыхэтым пщIэ къыхуащIу илъагъуныр. Аращи, нэхъыфIу щыIэр я быным зэрыхуащIэным хущIэкъуу яхь я гъащIэр. Ауэ сыт хуэдэ фIыгъуэ быным кърамыгъэтIылъэкIами, абы гъэсэныгъэ хамылъхьамэ, адрей псоми мыхьэнэ яIэжкъым.

Ди къэкIуэнур зэрыхъунур зэлъытар щIалэгъуалэрщ, абыхэм нобэ яхуэтщI гулъытэр ди пщэдейм хэтлъхьэу аращ. «Къэралыр зэтепкъутэну ухуеймэ, и щIэблэр мыгъасэу къэгъэтэдж» жызыIам гъащIэ и пIалъэ ищIэрт. Гъэсэныгъэм и лъабжьэр щагъэтIылъыр унагъуэрщ. Абы гъуэгу захуэ щытрагъэувэ ныбжьыщIэм и зэфIэкIым щыхохъуэ сабий садым, еджапIэм.

Нобэ ди тхыгъэр зытедухуа, Хьэтуей къуажэм щыщ Гупсешэ Замир унагъуэ зэгурыIуэ къыщыхъуащ. Абы и адэ-анэхэу Залымхъанрэ Зитэрэ я гуащIэр хуагъэпсащ я бынитIыр хабзэ, нэмыс яхэлъу, щIэныгъэм пщIэ хуащIу къэгъэхъуным. «ЦIыху зыпI цIыху уасэ хон», - жеIэ псалъэжьым. ПсыхэкIуадэ хъуакъым абыхэм я гугъуехьыр: япхъу Залинэ егъэджакIуэу къуажэ школым щыIэщ, Замир дохутыр IэщIагъэр зригъэгъуэтауэ Москва щолажьэ.

И сабиигъуэм езым хуэдэ щIалэ цIыкIухэм куэдкIэ къащхьэщыкIырт Замир: ар щэхут, къуейщIеиным дихьэхтэкъым, ауэ абы щыгъуэми игу ирилъхьам ерыщу хущIэкъурт. Школым кIуа иужь, абы къыщрат лэжьыгъэм и зэман псори тригъэкIуадэрт. И ныбжьэгъухэр джэгуным щыдихьэххIи, Замир тхылъыр нэхъ къиштэрт.

IэщIагъэ къыхихыным щегупсысым, Замир и адэ-анэм яжриIащ дохутыр хъуну зэрыщIэхъуэпсыр, абы и унэтIыныгъэхэм ящыщуи хирургием зэрытригъащIэр. Къуажэ амбулаторэм медсестрауэ щылажьэ анэм пасэу гу лъитат и къуэр медицинэм зэрыдихьэхыр, ауэ ар IэщIагъэ хуэхъунуи игу къигъэкIыххэртэкъым. Iуэхур апхуэдэу къыщекIэрэхъуэкIым, щIалэм и хъуэпсапIэр IэщIаудакъым.

ЕджапIэ нэхъыщхьэм зэрыщIэтIысхьэ тхылъхэр абы зэуэ КъБКъУ-м и къудамищым – биологием, химием, медицинэм - иритат. ЕхъулIэныгъэкIэ щыми щыпхыкIым, ар медицинэ факультетым къытеувыIащ.

Зыхурагъаджэ псори фIэгъэщIэгъуэну, дэтхэнэ зы дерсми къэхутэныгъэщIэхэр къыхихыу щIэсащ ар илъэсихкIэ медицинэ факультетым. «IэщIагъэм езым укъыхехыж» жыхуаIэм и мыхьэнэр абдеж къыщищIащ Замир. КIуэ пэтми ар нэхъри дихьэхырт зыхуеджэ IэщIагъэм.

2006 гъэм Гупсешэ Замир КъБКъУ-р къиухащ хирург IэщIагъэр иIэу. АдэкIэ интернатурэм абы щыпищащ Аруан район сымаджэщым. Абы щыгъуэм ар зи нэIэ щIэта Iэпщацэ



Гупсешэ Замир

Iэуес жеIэж ар щIалэ гумызагъэу, и IэщIагъэм и щэху псори зэрызригъэщIэным хуэпабгъэу зэрыщытыр.

Интернатурэм къыкIэлъыкIуэу ординатурэри къыпэщылът Замир. 2007 гъэм абы Москва дэт, Пироговым и цIэр зезыхьэ къалэ клиникэ сымаджэщым дохутыр цIэрыIуэ Коструб Виталий и унафэм щIэту ординатурэм адэкIэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ.

Зыпэрыт Iуэхум дихьэхауэ зэрыщытым, и пщэ къыдалъхьэ къалэнхэр егугъуу зэрызэфIихым сымаджэщым и унафэщIхэми гу лъатат, апхуэдэу псэемыблэжу Iуэхум зэрыпэрытым щIалэм и пщIэр къиIэтырт. Ординатурэм зэрыщIэсын хуей пIалъэр и кIэм щынэсым, сымаджэщым хирургиемкIэ и къудамэм и унафэщI Ан Евгений Гупсешэм къыжриIащ я деж щылэжьэну къанэмэ зэригуапэр.

И щIэныгъэм адэкIи пищэнми и зэфIэкIым хигъэхъуэнми къэралым и щыхьэрым Iэмал нэхъыбэ зэрыщиIэнур къилъытэри, зэман гуэркIэ адэ-анэм, и Iыхьлыхэм япэIэщIэу щытынуми, Замир тегушхуащ а сымаджэщым щылэжьэным. Нобэ ар зыхэт гупыр къыхуэарэзыуэ щолажьэ Пироговым и цIэр зэрихьэу къалащхьэм дэт клиникэ сымаджэщым.

Хэт ищIэрэ ди хэкуэгъу ныбжьыщIэм адэкIэ иIэну ехъулIэныгъэхэр зыхуэдэнур, ауэ нобэ къалэ жыжьэм зи щытхъу къиIукI щIалэм нэхъыбэжи зэрызригъэхъулIэфынум дэ шэч къытетхьэркъым.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

ЩIалэгъуалэм я илъэс 2009




# ЩIэблэщIэм сазэрыщыщыр згъэгъуащэркъым

Гъащlэр чэзущ. Абы и хабзэращи, зым къыщlидза lуэхум адрейм пещэж, зым и лъагъуэр нэгъуэщlым гъуэгу бгъуфlэ хуохъу. Дэри нобэ зыгуэрхэм я гъащlэм, я мурадым, я гухэлъым пытщэу жыпlэ хъунущ. Ауэ жыгым иджыпсту пыт пхъэщхьэмыщхьэм езым и lэфlагъ имылlэжмэ, ипэкlэ къыпыкlауэ щытам и lэфlагъыр къыщхьэпэнукъым. Щlэблэри аращ.


Мэкъуауэ Iэмин

Уи теплъэкlэ, уи lуэхущlафэкlэ, уи дуней тетыкlэкlэ уи адэжьхэм уарещхьыр зыщ, ауэ ар иумыгъэфlакlуэмэ, уи гъащlэм мыхьэнэ имылlэу аращ.

Арагъэнщ щlэблэщlэр сыт щыгъуи нэхъ тепылlэншэу щlыщытыр, гъащlэ мафlэм и нэхъ жьэражьэм lэ пцlанэкlэ щlыпэрылlэбэр. Щlэблэращ уэзджынэм хуэдэу lуэхущlэхэр, мурадыщlэхэр къэзыгъэушыр. Абыхэм я хьэрычэтырщ гъащlэри ипэкlэ зыгъэкlуатэр. Цlыхуцlэ зиlэр я гъащlэм арэзы техъуэжрэ сабыру тlысыжатэмэ, Тхьэм ирещlи, мы дунеижьым зэхъуэкlыныгъэ лъэпкъ къыщыхъунтэкъым. Ауэ щlыр мэкlэрахъуэ, гъэхэм ди гъащlэр зэlэпах, ди мурадхэри дунеягъэ уэрэдыжьу щlэблэ къытщlэтаджэхэм пащэж.

Къэкlуэнум фlыкlэ хуэплъэ, абы хуэлажьэ щlэблэщlэм ящыщщ Мэкъуауэ lэмин Хьэжы-Мурат и къуэри. lэмин Хьэбэз район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу мэлажьэ. Мазэ бжыгъэщ зэрыхъуар щlалэр мы lуэхум зэрыпэрыувэрэ, ауэ игурэ и псэрэ етауэ зэрылажьэр нэрылъагъуэщ. Узыншагъэм нэхъыщхьэ щыlэу къыщlэкlынкъым. Мы дунейм щызекlуэ сыт хуэдэ lуэхуми унэсын папщlэ, ар уи къарум, уи узыншагъэм къихьын хуейщ. Узыншагъэр насыпым хуэдэщ - ущиlэм деж гу лъыптэкъым. Мы псалъэхэм щlэлъ гупсысэр нэхъыжьыlуэхэм нэхъ къагурыlуэнущ, уи ныбжьыр хэкlуатэмэщ узми зыкъыуигъащlэу щыщlидзэр. Арагъэнщ щlэблэщlэм ар къагурыlуэу, цlыхухэм я узыншагъэр хъумэным, сымаджэхэр гъэхъужыным хуеджэрэ я гъащlэр абы зэрытраухуэжыр щlэгъэщlэгъуэныр. Нэгъуэщlу жыпlэмэ, езыхэм зыхамыщlа узыр нэгъуэщlхэм щхьэщахын папщlэ, я къару еблэжыркъым. Апхуэдэ щlэблэм сыт хуэдэ щытхъури псалъэ гуапэри хуэфащэщ.

Мэкъуауэ lэмини абыхэм ящыщщ. 1977 гъэм Зеикъуэ къыдэхъухьащ а щlалэ хъарзынэр. Япэ щlыкlэ къуажэ еджапlэм классийр къыщиухри, Хьэбэз лицейм и курыт щlэныгъэр щынигъэсыжащ. ИужьыlуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым щlотlысхьэ. Ехъулlэныгъэфlхэр иlэу ар къиуха нэужь, хирургиемкlэ клиникэ ординатурэм щоджэж. 2004 гъэм хирургиемкlэ и кандидат лэжьыгъэр пхегъэкl.

И хэкум къэзыгъэзэжа щlалэр япэ щlыкlэ Хьэбэз район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу мэлажьэ, иужькlэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и Тхьэмадэм и дэlэпыкъуэгъущ. 2005 гъэм Черкесск къалэм и сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэу щытащ, мы гъэм и гъатхэпэ мазэм щыщlэдзауэ Хьэбэз район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу ягъэуващ.

- Лэжьэн къыщыщlэздзауэ щытам къэзгъэзэжащ, - жеlэ lэмин.

Хьэбэз къуажэм дэт сымаджэщым нэмыщl, lэмин и унафэм щlэту егъэлажьэ сэлъащ, селъэlуащ Хьэбэз сымаджэщым къытхуэкlуэну, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ядакъым. Ахъшэкlи мыбдеж нэхъыбэ къыщахьынущ, гъуэгумкlи нэхъ тыншынущ, ауэ, арэзы тхуэхъуахэкъым.

- Щlэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтауэ къекlуэлlэж щlэблэщlэр къалэмкlэ нэхъ пабгъэу ара?

- Хьэуэ. Апхуэдэуи щыткъым. Нобэ сымаджэщым щылажьэхэм и процент 60-р илъэс 35-м нэсакъым. Щlалэгъуалэ куэду диlэщ. Зэрахузэфlэкlкlи нэхъыжьхэм зыкъыкlэрагъэхуркъым, lэщlагъэр нэхъ кууэ зрагъащlэу, я щlэныгъэм махуэ къэс зэрыхагъэхъуэным пылъщ. Зи цlэ фlыкlэ къитlуэ хъунухэри куэдщ. Нобэ апхуэдэу щылажьэкlэ, пщэдей нэхъыфlыжкlэ дащогугъ.

- Къуажэм дэт амбулаториехэр нэгъэсауэ зэпэщ? Абыхэм сыт я лэжьэкlэ?

- Къуажэ амбулаториехэр нэхъри зэредгъэфlэкlуэным дыпылъщ. Абыкlэ фlыщlэшхуэ ябгъэдэлъщ къуажэ lэтащхьэхэм.

Нэхъ lупщlу дыкъытеувыlэнщи:

Жьакуэ къуажэм дзэм щеlэзэ пэш къыщызэlутхащ. Къуажэ lэтащхьэр къыддэlэпыкъури, хэщlапlэр зэдгъэпэщащ. Депутатхэу Маху Алий, Жумай Хьэмзэт, Къэзанокъуэ Кърым сымэ я фlыщlэкlэ lэмэпсымэхэр щlэдгъэуващ. Али-Бэрдыкъуэ къуажэм и lэтащхьэм и фlыщlэкlэ, махуэрылажьэ стационар къыщызэlутхащ. Куэш-Хьэблэ къуажэм и lэтащхьэми дыгурыlуащ махуэкlэ лажьэ стационарымкlэ зыкъытщlигъэкъуэну. Абы дэт амбулаториер тыншу мэлажьэ. Я лэжьыгъэм нэгъэсауэ пылъщ дохутыр ныбжьыщlэхэу Зэгъэщтокъуэхэ lэсиятрэ Ленэрэ, Амирокъуэ Светэ. Беслъэней дэт сымаджэщыр, дохутыр нэхъыщхьэ Кхъуэнэ Валентинэ я пашэу, щылажьэхэм я къарукlэ ремонт ящlащ. Псэукlэ-Дахэ дэт амбулаториер илъэс зыбжанэкlэ узэlэбэкlыжмэ, зэхуащlыжынкlэ шынагъуэ щыlащ. Ауэ нобэ я lуэхур хъарзынэу мэкlуатэ, участковэ терапевту лажьэ Дженгетовэ Светэ, Хъуэн Мадинэ сымэ я фlыщlэкlэ. Инжыджышхуэ дэт амбулаторием и унэр жьы хъуащ. Абы и lуэхукlэ, райпом и унафэщl Езауэ Мурат и фlыщlэкlэ хэщlапlэ къэдгъуэтауэ ремонт ящl, амбулаториещlэ къызэlуахыну. Абазакт къуажэм амбулаторие яlэжкъыми, ар къыщызэlуахыжыну хэщlапlэ къэдгъуэтащ.

- lэмин, дяпэкlэ фи нэlэ нэхъ зытетынухэр сыт?

- Ди лэжьыгъэм lэщlыб пщlы хъуну зыри хэткъым. Ауэ, махуэ къэс зэфlэдгъэкl lуэхухэм къадэкlуэу, япэрауэ, анэмрэ сабиймрэ я узыншагъэм хуэлажьэ программэхэм гулъытэ нэхъыбэ хуэтщlыну ди гугъэщ. Сымаджэщыщlэм илъэс къихьэм лэжьэн щlидзэну догугъэ, абы роддомыщlэри хэтщ.

Етlуанэу, еджакlуэ цlыкlухэм я узыншагъэр хъумэным ди нэlэ тедгъэтынущ. Иджыпсту щыщlэдзауэ мониторинг дощl, сабийхэм я узыншагъэр къыдопщытэ.

Ещанэу, цlыхухэм гъуэгум щагъуэт фэбжьхэр ящыгъэпсынщlэным теухуа программэхэр зэрытхузэфlэкlкlэ цlыхухэм зэралъэдгъэlэсыным дыпылъынущ. Мыр хуабжьу гукъеуэшхуэщ - псоми фолъагъу нобэ щlалэгъуалэу гъуэгум текlуадэмрэ фэбжьу къытрахымрэ. Абы теухуа къэрал программэщlэхэр цlыхухэм сэбэп зэрахуэхъуным дыпылъын хуейщ.

Районым ис дэтхэнэ цlыхуми ди лэжьыгъэр зыхищlэу щытын хуейщ. Ахэращ дэ дыщlэлажьэр. Нэгъуэщl зы lуэхугъуэми сытепсэлъыхьыну сыхуейщ. Ди гъунэгъу абазэ къуажэхэу Елбыргъэн, Инжыдж-Кlыкlун щыщ цlыхухэр къыдоупщl, Хьэбэз дэт сымаджэщым щызэдгъэlэзэ хъуну, жари. Хъыбару ягъэlуащ Абазэ район зэращlрэ Хьэбэз сымаджэщым къыщывэlэзэжынукъым, жари. Ар пцlыщ. Дэ къыдэкlуалlэ дэтхэнэми дызэрыдэlэпыкъуным дыпылъщ. Узыншагъэм кlэлъыплъхэр зыхуэлажьэр къэралым ис цlыхухэращ, армыхъумэ къуажэ хэхахэракъым. Зи гукъеуэрэ зи узрэ къыдэзыхьэлlэ дэтхэнэми ди къару къызэрихькlэ сэбэп дыхуэхъунущ. Къыдгуроlуэ, зэман дэкlмэ, я район дохутыр lуэхущlапlэхэри лъэ быдэ зэрыувынури. Ауэ ар зэфlэкlыхукlэ, къыдэкlуалlэ дэтхэнэри дгъэщlэхъунукъым.

- lэмин, уи лэжьакlуэхэм къалэн нэхъыщхьэу сыт яхуэбгъэувыр?

- Гурыlуэгъуэщ, дохутыр щыжаlэкlэ, узыншагъэм кlэлъыплъыныр и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр, ауэ абыкlэ lуэхур зэфlэкlыркъым. Цlыхум и узым и гъусэу и гупсысэ хьэлъэхэри щхьэщыпхын хуейщ. Цlыхухэм нэгу зэlухауэ, псэ къабзэу, гуапэу уахущытмэ, узым и ныкъуэр ящхьэщыпхым хуэдэщ. Аращ дэтхэнэ дохутырри зэрыщытын хуейр.

- Уи гъащlэмкlэ, lэщlагъэмкlэ щапхъэу узыдэплъей уиlэ?

- Зэи сщыгъупщэнукъым сыщеджа Налшык къалэм и республикэ сымаджэщым и етlуанэ хирургие отделенэр зыlэщlэлъа Хьэхъупащlэ Сулеймэн lэуес и къуэр. Абы и деж илъэсиплlкlэ хирургием сыщыхуеджати, си lэщlагъэкlи, си цlыхугъэкlи, дуней тетыкlэкlи фlы куэд къысхилъхьащ. Абы хуабжьу сыхуэарэзыщ, гъащlэми щапхъэу щызиlэщ. Дэтхэнэ сымаджэри си щхьэм еслъыту арaщ сезыгъэсар.

- Медицинэм нэмыщl, уи гъащlэм сыт нэхъ узыхуэпабгъэу щытыр?

- Щlэблэщlэм сазэрыщыщыр згъэгъуащэркъым. Щlэуэ къежьа технологиехэм зыщызогъэгъуазэ, компьютерым сыдехьэх. Нобэ дунейм lуэхущlапlэу тетыр иролажьэ абыхэм. Дэри закъыкlэрыдгъэху хъунукъым - гъащlэм, зэманым и бэкъуэкlэм утехуэн хуейщ. Абы щыгъуэщ сыт хуэдэ къэхъукъащlэ къежьагъащlэри цlыхухэм я узыншагъэм сэбэп щыхуэтщlыфынур.

lэмин и гупсысэкlи, и мурадкlи, и дуней тетыкlэкlи тегъэчыныхьауэ зи гъуэгу хэзышыжауэ абы ирикlуэхэм ящыщщ. И щхьэгъусэ Абрэдж Мадини дохутырщ, Налшык щызэдеджащ. Черкесск къалэм дэт сабий сымаджэщым щолажьэ. Хъыджэбз дыгъэл цlыкlуитlи яlэщ, зыр еджакlуэщ, нэхъыщlэр сабий lыгъыпlэм яшэ. Унагъуэр уи щlыбым къыдэтрэ абы къипх тыншыгъуэращ гъащlэм лъэ быдэкlэ ухэзыгъэтыр. Абы и лъэныкъуэкlи lэмин и насып къикlащ.

Цlыхум насыпыфlэу зибжыжын папщlэ, зыхуейр зыщ - и пщэдейрей махуэм, узыншагъэм, унагъуэм иримыгузавэу псэунращ. Хьэбэз районым исхэр абыхэм ящыщу узыншагъэ и лъэныкъуэкlэ мыгузэвэнращ Мэкъуауэ lэмин и къалэн нэхъыщхьэу ибжыр. Аращ щlэлажьэри зыхущlэкъури, и мурад къехъулlэну ди гуапэщ.

БЕМЫРЗЭ Зураб.

# Насыпыр уэ зэрыпщIыщ


Махуэ Жаннетэ

ЩIАЛЭГЪУАЛЭР гъатхэ удзыщlэу къызэщlотаджэри, я lуэхухэмкlэ насып дыгъэм зыхуаший. Гъащlэм сыт хуэдэ пщэрылъхэр, къалэнхэр къахуимыщlами, зыхуагъэщхъыркъым абыхэм, атlэ я къарукlэ, мурадыщlэхэмкlэ пэщlэтщ.

Лъэпкъым и дахагъри, lущагъри зэлъытар щlэблэщlэращ, сыту жыпlэмэ нэхъыжьхэм зэманым, гъэхэм къыхаха lущагъыр къыlэпахыу адэкlэ зыхьыр ахэращ. Аращ къэралми щlалэгъуалэм нэхъ зыщlыхуигъазэр, ищl мурадхэм, кърихьэжьэ lуэхуфlхэм ахэр щlытригъэгушхуэр.

Нобэ адыгэ лъэпкъым и дахагъыр зи теплъэкlи, зи дуней тетыкlэкlи, зи lуэхухэмкlи зыгъэлъагъуэхэм ящыщщ Махуэ Жаннетэ Алий ипхъури.

Жаннетэ 1986 гъэм накъыгъэм и 18-м Черкесск къалэм къыщалъхуащ. Къалэм дэт 9-нэ еджапlэр ехъулlэныгъэфlхэр иlэу къиуха нэужь, щlэныгъэм хуэпабгъэ пщащэр Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и Урысей университету Москва дэтым хамэ къэралхэм щылэжьэн юристхэр щагъэхьэзыр и къудамэм щlэтlысхьащ. Ищхьэ еджапlэм щlэсыхукlи, lущагърэ акъыл жанрэ иlэу зигъэлъэгъуащ абы.

Мазихкlэ узэlэбэкlыжмэ, Урысейм и Правительствэм щlэплъыкlыныгъэ иригъэкlуэкlам Жаннетэ и lэщlагъэм нэгъэсауэ зэрыхищlыкlыр къыщигъэлъэгъуащ. Абы Урысейм и Правительствэм гу къылъетэри, Федеральнэ таможнэм лэжьапlэ ирегъэблагъэ.

Пщащэр акъыл жану, lэщlагъэрылажьэ нэсу lуэхум пэрытщ. Абы ипкъ иткlэ Федеральнэ таможнэ къулыкъум и унафэщl Бельянинов Андрей фlыщlэ тхылъ Жаннетэ къыхуигъэфэщащ. Абы итщ зэман кlэщlым къриубыдэу пщащэм и лэжьыгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищlар, къэралым и экономикэм щапхъэгъэлъагъуэу ирилажьэхэм Жаннетэ зэрыхабжэр. Мазэ бжыгъэм къихуэу апхуэдэ гулъытэ зыхуебгъэщlыным, дауи, къаруушхуи, гугъуехьи, акъыли хэплъхьэн хуейщ. Жаннетэ хузэфlэкlащ и лъэпкъым, хэку цlыкlум, къызыхэкlа унагъуэм я щlыхьыр иlэтын, и цlэр фlыкlэ игъэlун.

Дауи, апхуэдэ гъэсэныгъэ, дуней тетыкlэ дахэр къыщежьар унагъуэращ. Сабийр дауэ хъунуми, сыт къыхэкlынуми куэдкlэ зэлъытар анэ-адэращ. Махуэхэ Алийрэ Гуащэпагуэрэ я бынхэм ятемыукlытыхьыжын хуэдэу халъхьащ гъэсэныгъэри, цlыхугъэри, акъылри. Я щlалэ Щамели Москва щоджэ - Щlыдагъэмрэ газымрэ я академием щlэсщ. Жаннетэ хуэдэ дыдэу ехъулlэныгъэфlхэр, щытхъу иlэу йоджэ.

Жаннетэ зригъэхъулlам къыщызэтеувылэну и мурадкъым, адэкlи и lэщlагъэм зэрыхигъэхъуэным пылъщ, хамэ къэралыбзэхэр зрегъащlэ.

Уи гъащlэр зэрыхъунур зэлъытар нобэ зэбгъэпэщыращ - щlэныгъэкlэ, акъылкlэ, lэщlагъэкlэ. Ар фlыуэ къызыгурыlуэ Махуэ Жаннетэ абы и лъэныкъуэкlэ хузэфlэкl къигъанэркъым. Тхьэм адэкlи иригъэфlакlуэ!

ХЬЭГЪУНДОКЪУЭ Мухьэдин.

2009 ЩIалэгъуалэм я илъэс








# Адыгэ пщащэм и IэрыкIхэр



**Макерэ (Хъунэгу) Сусаннэ Мейкъуапэ къыщыхъуащ. ЗэрыцIыкIурэ пщащэр музыкэм, адыгэ къафэм дихьэхырти, абыхэм зыхуигъасэрт икIи щытхъу иIэу къиухащ макъамэ еджапIэр. Сусаннэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Адыгей къэрал университетым инджылызыбзэмкIэ и факультетым. ИужькIэ диплом плъыжькIэ къиухащ Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетыр, адэкIэ абы и аспирантурэм щIэтIысхьэжри, филологие щIэныгъэхэм я кандидат лэжьыгъэри пхигъэкIащ. 2007 гъэм Адыгей къэрал университетым и кафедрэм и унафэщIу ягъэуващ.**

ЩIЭНЫГЪЭ IэнатIэм ехъулIэныгъэфIхэр щызиIэ пщащэм нэгъуэщI IэщIагъэфIми и гъащIэр ирипхащ. Ар модельер-дизайнер ныбжьыщIэщ. «Подиум» зэпеуэм хэту, абы къыщигъэлъэгъуа и щыгъынхэмкIэ япэ увыпIэр къихьа нэужь, а Iуэхум нэхъри тегушхуащ. Абдеж утыкум кърихьа и щыгъыныгъуэхэм «Адыгэ пщащэ» фIищат. Iуэхум фIыуэ зэрыхищIыкIыр къалъытэри, иужькIэ Сусаннэ хагъэхьащ а зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым. Зи цIэр Iуа модельер ныбжьыщIэр Урысейм и зэпеуэ мащIэкъым зых этар икIи и дэтхэнэ лэжьыгъэми пщIэ къыхуащIащ. Абы къигупсыса щыгъыныгъуэхэр щагъэлъэгъуащ Франджым, Тыркум, Ливием.

Лъэпкъ щэнхабзэм и нэщэнэхэр зыхилъхьа и щыгъын дахэхэр иту Сусаннэ 2009-2010 гъэхэм я махуэбж къыдигъэкIам и IэщIагъэм нэIуасэ зыщыхуэпщIыфынущ.

«Адыгэ пщащэ» зыфIища коллекцэм хигъэхьащ махуэ къэс пщыгъ хъуну бостейхэри, пшыхьхэм тегъэпсыхьа фащэ, джанэ екIухэри. Ахэр адрейхэм къазэрыщхьэщыкIыр адыгэ фащэм и Iыхьэ зэхуэмыдэхэр къигъэсэбэпу, лъэпкъ тхыпхъэщIыпхъэхэр хэлъу зэрыдаращ.

- БлэкIа лIэщIыгъуэхэм псэуахэм ебгъапщэмэ, нобэрей адыгэ пщащэм зихъуэжащ: и щхьэ щогугъыж, лъэкIыныгъэшхуэ иIэщ, зэманым и зэхъуэкIыныгъэхэр псынщIэу зыхелъхьэ. Абы сигу къегъэкI тхыгъэ куэдым къыхэщыж адыгэ амазонкэхэм я теплъэр. Аращ коллекцэм лъабжьэ хуэсщIари, - жеIэ Сусаннэ.

КъинэмыщIауэ, Сусаннэ игъэхьэзыращ «Ашэмэз» зыфIища щыгъыныгъуэ гуп. Ар триухуащ адыгэ макъамэм.

Пщащэм и IэрыкIхэр иджыблагъэ щагъэлъэгъуащ Interfation дунейпсо фестивалым, «Этно-Эрато» зэпеуэми и щIыхь тхылъи кърatащ икIи 2010 гъэм екIуэкIыну а зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хагъэхьащ.

Сусаннэ куэд щIауэ мурадыфI игу илъщ - ар лъэпкъ фащэм и махуэшхуэ Адыгэ Республикэм къыщызэгъэпэщынырщ. Зи Iэпэм дыщэ къыпыщ жыхуаIэхэм ящыщ пщащэм и лэжьыгъэхэм адыгэ щэнхабзэр къагъэщIэрэщIэж къудейкъым, атIэ нэхъри бей ящI.

**ХЪУАЖЬ Нуриет.**





# Здынэсым къыщыувыIэркъым

**Нэхъыжьхэм жаIэу зэхыдох: иджырей щIалэгъуалэр хуэмыхущ. ЗэфIахи зыхащIыкIи щыIэкъым». Аращ-тIэ гъащIэр зэриухуар: ныбжь зиIэхэр къащIэхъуэхэм ятехъущIыхьу сыт щыгъуи къокIуэкI. Ауэ Нэгъаплъэ Мурат къэсцIыхуа, и дуней теты-кIэмрэ Iуэху еплъы-кIэхэмрэ зыгуэр хэсщIыкI хъуа и ужь, шхыдэрейхэм ягу фIы яхуэсщIыфынущ: «Фымыгузавэ, фэ фхъума нэмысыр, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ дахэхэр зыIыгъыфын, фыщIэпэгэн ныбжьыщIэхэр диIэщ!»**

ДОХУТЫР унагъуэ къызэрыхэкIар арагъэнщ Мурат медицинэм зыщIритар. Ауэ IэщIагъэу къыхихар диагностикэрщ. Ар иужь зэманым хуабжьу гулъытэшхуэ зыхуащIщ. Уз хэтIэсар икъукIэ шынагъуэщи, ар пасэу къэхутэным и мыхьэнэр зыхуэдизыр хэт дежкIи гурыIуэгъуэу си гугъэщ.

1997 гъэм Мейкъуапэ и 22-нэ гимназиер фIы дыдэу къэзыуха Мурат зэчиишхуэ зэрыбгъэдэлъыр республикэми урысейпсо олимпиадэхэми къыщигъэлъэгъуакIэт. Уеблэмэ школакIуэхэм биологиемкIэ Тыркум щрагъэкIуэкIа дунейпсо олимпиадэми щыхуэмыхуатэкъым. Дауи, апхуэдэ щIалэ езыхэм я деж зэрыщеджэм иригушхуэ хъунут ар зыщIэтIысхьа Краснодар медицинэ институтым и унафэщIхэри. А илъэсхэм ар дихьэхащ къежьагъащIэ УЗИ Iэмэпсымэ телъыджэм. Ирагъэджхэм къадэкIуэу, литературэ щхьэхуэхэр, къэхутэныгъэщIэхэр зэрыт тхылъхэр къигъуэтырт. ФIыуэ еджа щIалэм а институт дыдэм и интернатурэри къиухащ. «Мис иджы сэбэп сыхъуфынущ» жиIэри, и лъахэм игъэзэжащ, республикэ клиникэ сымаджэщым щылэжьэну. Ар къыщыхъуар 2004 гъэрт.

- Махуэ гуэрым, - къысхуеIуэтэж Мурат, - къызэджащ лъынтхуэ хирургиемкIэ къудамэм и унафэщI Борсэ Мухьэмэд. - КъызжиIащ езыр зыпэрыт IэнатIэм хуэдэу УЗИ-м къигъэлъагъуэхэм хуэныкъуэ нэгъуэщI зыри зэрыщымыIэр. Дохутыр гъуэзэджэ Жанэ Iэскэр и деж къыщежьэри, ди республикэр цIэрыIуэ хъуат лъынтхуэ хирургием зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмкIэ. Мухьэмэди абы и Iуэхум пищэрт. Борсэм сыкъигъэдаIуэри, Армавир сыщыкIэлъыплъащ лъынтхуэхэм ехьэлIа узыфэхэм, ахэр УЗИ-мкIэ къэхутэным яхуэгъэзауэ щIэныгъэм щIэуэ къыхыхьам. Иджы сыщIегъуэжыркъым, согуфIэ сэ згъэув диагнозыр сыт щыгъуи пэжу къызэрыщIэкIым щхьэкIэ. Ар белджылы къохъу цIыхур операцэ щащIкIэ.

Сыт щыгъуи къыбдэIэпыкъуну, и дамэр къыпщIигъэкъуэну хьэзыр цIыхум удэлэжьэну фIыщ, псом хуэмыдэу абы Iуэхум кууэ хищIыкIмэ. «Уэ, Мурат, хирург ухъун хуеящ», - кърaIуэкI щIалэм куэдрэ. АрщхьэкIэ зыри япидзыжыркъым - фIы дыдэу къыгуроIуэ диагностикэм - узыр зыхуэдэр къэхутэным - и мыхьэнэр зыхуэдизыр.

ЩIэныгъэм зэпымыууэ зеужь. А Iуэхур, зэрыгурыIуэгъуэщи, зэи къызэтеувыIэркъым. ЗыпIэжьамэ, зиплъэфыхьамэ, - укъыкIэрыхуащ. Нэгъаплъэ Мурат ар фIыуэ къыгуроIуэ.

- Ростов сыкъикIыжа къудейщ, - къызжиIащ Мурат. - Гу-лъынтхуэ узхэм нэхъ хэсщIыкIауэ сыкъэкIуэжащ. Сэ сощIэ си щIэныгъэм дяпэкIи хэзгъэхъуэн зэрыхуейр, армырамэ цIыхухэм тэмэму уадэIэпыкъуфынукъым. Сэ си адэ-анэхэу Мэжидрэ Светланэрэ сызэрысабийрэ сыщIапIыкIащ дохутырым и дежкIэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэр цIыхухэм я узыншагъэр хъумэныр зэрыарам. ИкIи ахэр псалъэ тарэфарэ къудейкъым. А мурадыр медицинэ IэнатIэм пэрытхэм сыт щыгъуи я гъуазэу щытыпхъэщ.

Иужь зэманым гулъынтхуэ узыфэхэм хуабжьу заубгъуащ. Хэбгъэзыхьмэ, цIыху гъащIэу яхьыр зыкъомкIэ нэхъыбэщ, адрейхэм илIыкIым елъытауэ. Медицинэр иджыри текIуакъым инфарктым. УзыншагъэР хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм къызэритымкIэ, а щытыкIэм илъэс гъунэгъухэм зихъуэжынукъым.

Абы къыхэкIыу къыпхуэмылъытэн хуэдиз мыхьэнэ иIэщ цIыхухэр къегъэлыным Нэгъаплъэ Мурат хуэдэу щIэбэн IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэм, я IэщIагъэм. Нэхъыщхьэращи, ахэр здынэсам къыщыувыIэркъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, профессор цIэрыIуэхэм пщIэшхуэ зыхуащIа и кандидат диссертацэр Москва областым щыIэ Обнинск щыпхигъэкIащ ди тхыгъэр нобэ зытедухуа щIалэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар япэ лъэбакъуэщ: IэщIагъэлIхэм шэч къытрахьэркъым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр къызэщIикъуэжмэ, Нэгъаплъэр мыгувэу адэкIэ зэрыкIуэтэнум.

**ЖЬАКIЭМЫКЪУЭ Iэминат.**
*Мейкъуапэ къалэ.*


Нэгъаплъэ Мурат

2009 ЩIалэгъуалэм я илъэс




**Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъБР-м щыIэм и Налшык къалэ къудамэм, Шэджэм Анзор зи унафэщIым, зыпэрыт IэнатIэм, IэщIагъэм хуэIэижь, къалэныр япэ изыгъэщ гуп зэкъуэт щолажьэ. Абыхэм я нэхъыбэр щIалэгъуалэщ.**

# ЛъагапIэщIэхэр къапоплъэ

★ Хабзэ

МЫ ТХЫГЪЭР зытеухуа щIалэхэм я цIэ къисIуэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар абыхэм ядэслъэгъуа хабзэрщ, зыдэлажьэ цIыхухэм зэрахущытырщ. И губжьыр япэ иту къыщIыхьа цIыхубзым суд пристав-гъэзэщIакIуэхэр ар къызытекIухьам щабэу щIэупщIэри, Iуэхур хузэпкърахащ. ЦIыхубзым щIалэхэм псалъэ гуапэ къажриIэри, арэзы хъуауэ щIэкIыжащ...

Мы IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр зыхуэунэтIар, суд пристав-гъэзэщIакIуэм и къалэн нэхъыщхьэр щIыхуэ зытелъ цIыхум (банк кредит, налог, коммунальнэ IуэхутхьэбзэмипщIэ, алимент, нэгъуэщIу ирехъуи) ар егъэпшыныжыным теухуауэ судым, нэгъуэщI органхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ ягъэхьэзыра унафэр зыхуэгъэзам егъэгъэзэщIэныр къызэгъэпэщынырщ. Си япэ упщIэм жэуап къыщратым зыжьэу жаIащ:

- Ди пщэрылъхэр къыдэхъулIэныр куэдкIэ елъытащ щIыхуэр зытелъым Iуэхур зытетыр къызэрыгурыбгъаIуэмрэ къыхуэбгъуэт бгъэдыхьэкIэмрэ.

Зэвгъэщ1ыху юрист IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр:

**ЖьакIэмыхъу Альберт** юридическэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ. Лэжьыгъэм къыщыдэхуэм деж баскетбол джэгуну фIэфIщ, футболыр зыхилъхьэ щыIэкъым, «Спартак-Налшык» командэм дэщIхэм ящыщщ, абы и зы джэгугъуи блигъэкIыркъым. Аруан къуажэм щопсэу.

**Бабаринов Артур** Налшык къалэ щыщщ, юридическэ, экономическэ щIэныгъэ нэхъыщхьэхэр иIэщ. Ерыщу и мурадым хуэпабгъэ щIалэ жыджэрщ, псэлъэгъу гъэщIэгъуэнщ. Журналистикэм дехьэх. Езыр мытхэми, журналист цIэрыIуэхэм я къалэмым къыщIэкIахэр фIэгъэщIэгъуэну щIеджыкI.

**Ташу Мухьэмэди** юридическэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ. Спортым дехьэх, псом хуэмыдэу боксыр зыпищI щыIэкъым. Куэд зэпэзылъыт щIалэщ.

Апхуэдэу абыхэм къадолажьэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэ **Сосмакъ Артур**, гупыр зэщIэзыгъэуIуэф нэхъыжьыIуэхэу **Елчэпар Муратрэ Бекъул Вадимрэ**. Артур спортым хуэхамэкъым, щIэныгъэ нэхъыщхьэу тIу иIэщ. Мурати и лэжьэгъухэм хуэдэу, и IэщIагъэкIэ юристщ, Вадим физик-математикщ, юридическэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ.

ЖьакIэмыхъу Альберт, Бабаринов Артур, Ташу Мухьэмэд сымэ сазэрыбгъэдэса зэман кIэщIым гъэщIэгъуэн сщыхъуа куэдым сыщIагъэдэIуащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми ди нобэрей зэхэтыкIэм, къэкIуэнум теухуауэ езым и Iуэху еплъыкIэ иIэжщ. Ауэ я гупсысэрэ я хъуэпсапIэкIэ нэхъыбэм зэтохуэ. Ар щIалэгъуалэр зэгурыIуэу, лъэпкъ зэхэгъэж щымыIэу, зэкъуэту гъащIэм щызэдекIуэкIынырщ, я къэкIуэнур дахэ хъуным, я лъахэр нэхри ефIэкIуэным яхузэфIэкI халъхьэнырщ

<u>**- Едгъэжьэж 2009 гъэр ЩIалэгъуалэм я илъэсу щытащ. СыткIэ гукъинэж фщыхъуа ар?**</u>

**Альберт**: Нэхъыбэу мы илъэсыр сигу къызэринэр си лэжьыгъэм пыщIа Iуэхугъуэхэрщ. Гу зэрылъыстамкIэ, ЩIалэгъуалэм я илъэсыр IуэхушхуэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ. Апхуэдэуи си дежкIэ гуапэщ ди «Спартак-Налшыкыр» премьер-лигэм къызэрыхэнар. Ахэр щIэныгъэми, экономикэми, политикэми, спортми нэхъ къыхэжанык1 хъуауэ къызолъытэ. Ди республикэм щекIуэкIащ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ зэхуэс куэд.

**Артур**: Гукъинэж гуапэ гуэр зимыIэ къэгъуэтыгъуейуэ къыщIэкIынщ. Си дежкIэ ахэр нэхъыщхьэу зэпхар си лэжьыгъэрщ. Ауэ гулъытэншэу къысхуэгъэнэнукъым ди лъахэм, Налшык къалэ щекIуэкIа Италием, Индием, Испанием, Ираным, Африкэм, Урысейм и щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта, лъэпкъ куэд зэхуэзышэса «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» II Дунейпсо IуэрыIуатэ фестивалыр. Ар щIалэгъуалэр гъунэгъу зэхуэзыщI, зэныбжьэгъуным, зэгурыIуэным хуэзыущий щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэщ.

**Мухьэмэд**: Сэ спортым сыдехьэх. Си мызакъуэу, ди республикэм щыпсэу псоми я дежкIэ мы илъэсыр гукъинэжу си гугъэщ. Республикэм щекIуэкIащ цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ дзюдомкIэ, атлетикэ хьэлъэмкIэ я урысей чемпионатхэр, тхэквондомкIэ дунейпсо зэпеуэ. А Iуэхугъуэхэр ди лъахэм и пщIэр зыIэтщ, щIалэгъуалэр гъащIэ узыншэм хуэзыгъэушщ.

<u>**- Фи мурад нэхъыщхьэр, гъащIэм къыщывэхъулIэну фызыхуэпабгъэр сыт?**</u>

**Альберт**: Псом ящхьэу сыт щыгъуи цIыхум си сэбэп екIыну сыхуейщ. Си хъуэпсапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ си Iыхьлыхэр схуэузыншэныр, лъахэм, къэралым я зыужьыныгъэм мыхьэнэ зиIэ хэлъхьэныгъэ хуэсщIыныр.

**Артур**:Ди зэманым щхьэх уимыIэу ерыщу ипэкIэ укIуэн хуейщ узыхуэпабгъэм улъэIэсын папщIэ. Си мурад нэхъыщхьэщ пщIэрэ щхьэрэ сиIэу лъэ быдэкIэ гъащIэм сыхэувэну, лэжьыгъэм, цIыху насыпым я лъагапIэхэм сынэсыну.

**Мухьэмэд**: Мурадыр, хъуэпсапIэр уи сабиигъуэм къыдожьэ. Уи анэр таурыхъ къыщыпхуеджэкIэ, узыщIигъэдэIуам хэт лIыхъужьхэр уи нэгу къыщIыбогъэхьэри, абыхэм хуэдэу лъэщ ухъуну уогугъэ. Си ныбжьым итым, дауи, и мурад нэхъыщхьэр ипэкIэ кIуэнырщ. СызыхущIэкъур зыхуэзгъэувыжа, къалэн зыщысщIыжа си гурылъыр зыIэрызгъэхьэнырщ.

**- КъэкIуэнур зей щIалэгъуалэ зыхужаIэр фэ фхуэдэхэрщ. Фи къэкIуэнур, ди лъахэм, Урысейм я пщэдейр зыхэфлъагъуэр, ар зыхуэдэнур къызэрыфщыхъумкIэ ди щIэджыкIакIуэхэм фадэгуэшамэ си гуапэт.**

**Альберт**:Къэралым и къэкIуэнур зей щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр куэдкIэ елъытащ экономикэ, социальнэ Iуэху ди унафэщIхэм зэфIаххэм. Псом япэу щIалэгъуалэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщын, мыхьэнэ зиIэ, псоми яфI зыхэлъ Iуэхухэм хуэунэтIын хуейщ. Iуэхуф1 лэжьыным псори зэдэууэ яужь дитмэ, абы фIы къыкIуэным дыщыгугъ хъунущ.

**Мурат**: Сыт хуэдэ зэIумыбзыныгъэхэр, гугъуехьхэр къэхъуми, ди къэкIуэнум фIыр щытепщэу щытыну согугъэ. ЦIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэм гулъытэ нэхъыбэ игъуэт хъуащи, къэралыр дяпэкIи а гъуэгум тетмэ, зэрызиужьынум шэч хэлъкъым.

**Мухьэмэд**: Къэралым и къэкIуэнурщ сэри си къэкIуэнур. Апхуэдэу щыщыткIэ сыхуейт ди деж Iулъхьэр, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щыкIуэдыну, абыхэм пэIэщIэ дыхъуну. Пэжщ, Урысейм гугъуехьхэр щыкуэдщ. АтIэ дэнэ къыщыщIэдзапхъэр. Сабийхэм я дежщ. ЩыIэн хуейкъым наркотикым дихьэххэр, сабий зеиншэхэр, кIэрыутIыпщу уэрамым къыдэнахэр.

<u>**- ИщхьэкIэ зи гугъу фщIа Iуэхуфlхэр, фи гугъапIэ, мурад дахэхэр нахуапIэ хъуныр сыт нэхъыщхьэу зыхэфлъагъуэр?**</u>

**Альберт**: Узэкъуэтмэ - ульэщщ, жаIэу ижь-ижьыж лъандэрэ къокIуэкI. Си гугъэщ лъэпкъхэр зэгурыIуэу, а псалъэжьым и гупсысэ нэхъыщхьэм дытетмэ, псори къыдэхъулIэну. ЩыIэкъым лъэпкъ Iей, цIыху мыхъумыщIэщ узрихьэлIэр. ЩIалэгъуалэм зызэхащIыкIмэ, хэкупсэу, фIым хуэпабгъэу щытмэ, я мурад псори зыIэрагъэхьэфынущ. Сызэрыщыгъуазэмкlэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ «Адыгэ псалъэм», Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ къыщыдэкI лъэпкъ газетхэм ящIыгъуу номер зэхэтхэр егъэхьэзыр. Си фIэщ мэхъу апхуэдэ къыдэкIыгъуэхэр зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэмрэ хуэлажьэу, ди щIалэгъуалэр гъунэгъу зэхуэзыщIу зэрыщытыр. Тхьэм нэхри фригъэфIакIуэ!

**Артур**: Ди республикэр лъэпкъ куэду зэхэтщ. ИкIи абы и къэкIуэнум и хэкIыпIэ нэхъыщхьэр мамырыгъэрщ, зэгурыIуэрщ. ЩытыкIэр къэзыгъэтIэсхъэну хущIэкъу зэщIэгъэстакIуэ зырызхэм зэбграгъэх хъыбар мыхъумыщIэхэм ди щIалэгъуалэр пэIэщIэу щытыну, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр нэхри быдэ, лъэщ хъуну сыхуейт.

**Мухьэмэд**: Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа ныбжьэгъухэр сиIэщ. Абыхэм ящыщщ адыгэхэри балъкъэрхэри. СиIэщ ингуш ныбжьэгъуи. Ахэр уи дзыхь зэбгъэз хъуну щIалэ пэжхэщ, я цIыхугъэмрэ зэхэщIыкIымрэ, я хьэл-щэным пщIэ хузощI. Си дежкIэ нэхъыщхьэр ЦIыхуу щытынырщ, ар сыт хуэдэ лъэпкъи ирехъу.

<u>**- Ди псалъэмакъым и кIэухым сыткIэ захуэвгъэзэну фыхуейт щIалэгъуалэм, ди щIэджыкIакIуэхэм?**</u>

- Дыхуейщ ди щIалэгъуалэр узыншэу, спортым ипсыхьауэ, гъащIэм дэрэжэгъуэ къриту, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ, лэжьапIэ IэнатIэ яIэу псэуну. Зызыхуэдгъэхьэзыр, дэтхэнэми и хъуэпсапIэхэр зрипх Илъэсыщ1эм псоми насып, мамырыгъэ, фIыгъуэ къахудэкIуэну.

***УЭРДОКЪУЭ* Женя,**
***«Адыгэ псалъэ» газетым хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщI.***



*Сэмэгумк1э къыщыщIэдзауэ:* **Бабаринов Артур, ЖьакIэмыхъу Альберт, Ташу Мухьэмэд.**

# «Хьэтхэр» къофэ

★ Гъуазджэ

<u>**Адыгэ къафэм и дахагъэр, ар зэрыуардэр къагъэлъагъуэф «Хьэтхэр» къэфакIуэ гупым хэтхэм. Куэд щIакъым ар къызэрыунэхурэ, ауэ зэман кIэщIым къриубыдэу абыхэм цIыхухэм я гур яхьэхуфащ икIи ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьащ. «Хьэтхэр» къафэм къыщымынэу, адыгэ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ я теплъэгъуэхэр ди нэгу щIагъэкI.**</u>

- ДИ ГУПЫР къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ къудейуэкъым дэ къызэрытщыхъужыр. Мыр щIалэгъуалэ зэхуэсыпIэщ, - жеIэ гупым ящыщщ **Хьэгъур Залым**. - Адыгэ щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм зыщыдогъэгъуазэ ди нэхъыжьхэм я чэнджэщхэм дыщIодэIу.

Илъэс зыбжанэ щIауэ мы гупым къыщыфэ **КIыщокъуэ Мухьэмэд** гъэщIэгъуэну къытхуиIуэтэжащ ансамблыр къызэрежьа щIыкIэр. Абы къызэрыджиIэжамкIэ, зэклассэгъуу щытахэм ящыщу цIыхуитху къахэкIащ къэфэным дихьэхыу, ахэр «Къан» жыхуиIэ студием кIуэрт. А зэманым ныбжьыщIэхэр ягъасэрт «Кабардинка» ансамблым къыщыфэхэу БжьыхьэлI Замир, Битокъу Аслъэнбэч, Егъуэж Анзор сымэ. Гупым яхэтщ зэдэлъху- зэшыпхъухэри. Апхуэдэурэ ансамблым зиубгъуащ. Ахэр иджыпсту цIыху 20 мэхъу. Пэжщ, IэмалыншагъэкIэ къахэкIыжи щыIэщ, ауэ къыхыхьэну гукъыдэж зиIэхэри мащIэкъым.

- Мыбы хэтхэм псоми сабийуэ къэфэн щIадзащ, - жеIэ **Бэч Азэмэт**. - Къыхэзгъэщыну сыхуейт мы Iуэхур ди адэ-анэхэм къызэрыддаIыгъыр куэд зэриуасэр. Къэфэным и мызакъуэу, гупыр дыдехьэх спортми. Дэ топ къетхуэкIыну, лъакъуэрыгъажэкIэ къэджыхьыну тфIэфIщ.

КъэфакIуэхэр утыку къызэрихьэу япэу уи нэIэ къыщIидзэр ящыгъ фащэращ. Мы гупым къащылыдыкI адыгэ фащэхэр куэдым ягу ирохь. Ахэр зи Iэдакъэщ1экIыр ХьэцIыкIу Мадинэщ, лъейхэр КIэрэф Аслъэн яхуещI.

- Пасэрей адыгэ фащэм дытехьэжыныр нэхъ къыдощтэ, - жеIэ **Балъкъэр Къазбэч**. - Абы теухуа тхылъхэр щIыдоджыкI, а Iуэхум хэзыщIыкIхэм дочэнджэщ.

«Хьэтхэм» зыкъыщагъэлъэгъуащ зэпеуэ куэдым икIи сыт щыгъуи пашэ хъухэм ящыщщ. Абыхэм къыхуагъэфэщащ щытхъу тхылъхэр, фIыщIэ къыхуищIащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэми.

Къыхэгъэщыпхъэщ езы гупым пшынауэхэр, бэрэбэнауэхэр, пхъэцIыч, гитарэ еуэхэр, дахэу адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащIэхэр зэрахэтыр.

- Мы гъэр фхуэугъурла, жытIэу дащеупщIым, абыхэм къыджаIащ илъэс къызэднэкIыр яхуэфIауэ, я мурадхэм щыщ куэд зрагъэхъулIэфауэ. Абыхэм Черкесск, Хьэбэз зыкъыщагъэлъэгъуащ, «Спартак-Налшык» командэм я цIэкIи къэфащ. Апхуэдэу пщащэхэм ящыщ зыбжанэр унагъуэ зэрихьам гупыр щогуфIыкI.

- Илъэсыщ1э дызытехьэм дэ къалэнышхуэхэр зыщытщIыжащ, - жеIэ Къазбэч. - Дэ ди мурадщ концертхэр ттыну, альбомыщIэхэр къыдэдгъэкIыну. Дэ тщIэр тфIэIэфIу, дыдихьэхыу дощIэ икIи ди гуапэщ ар цIыхухэм къыддаIыгъмэ, ягу ирихьмэ. Пэжщ, тщIэр иджыри тфIэмащIэщ, егъэлеяуэ зыгуэр длэжьауи тхужыIэнукъым. Ауэ куэд къыбжеIэ гупыр зэгурыIуэу дызэрызэдэлажьэм. Апхуэдэуи газетеджэхэм сехъуэхъуну сыхуейщ илъэсыщIэр яхуэугъурлыну, я гугъапIэхэр нахуапIэ яхуэхъуну.

Гупым зэдэарэзыуэ фIыщIэшхуэ хуащIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен зыщагъасэ пэшым пщIэ щIамытыну зэрахуищIам папщIэ, мылъкукIэ закъыщIэзыгъакъуэхэу Алътуд Арсен, Iэпщэ Заур, Чэт Мурат сымэ, сыт щыгъуи чэнджэщэгъу пэж къахуэхъу Кхъуэжь Заурбэч, Накуэ Феликс, Къущхьэ Ахьмэд сымэ.

**ТАБЫЩ Динарэ.**



★ Хъыбар гуапэ

# Етхуанэрей текIуэныгъэ

<u>Къэралым и сабий унэхэмрэ школ-интернатхэмрэ физкультурэспорт лэжьыгъэр къызэрыщызэгъэпэщар къыщапщытэ зэпеуэ-еплъыныгъэхэр и кIэм нэсащ. УФ-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм и IэщIагъэлIхэр абы крикIуахэм иджыблагъэ щыхэплъэжащ Липецк къалэм. Еплъыныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, текIуэныгъэр къихьащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту Нартан къуажэм щылажьэ школ-интернат №5-м.</u>

**АР IУЭХУЩIАПIЭМи етхуанэрей текIуэныгъэщ. Зэпеуэм хэта апхуэдэ IуэхущIапIи 156-м ящыщу Нартан дэт школ-интернатым зыри гъунэгъуууи къылъэщIыхьэфакъым. Iуэхум иращIэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэм къэралым и щIыналъэхэм я лIыкIуэ куэд кърихьэлIат. УФ-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр Мутко Виталий интернатым и унафэщI Алишанов Алисултанрэ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм спортым зегъэужьынымкIэ и къудамэм и унафэщI Анаев Аслъэнрэ езыр зи пашэ министерствэм къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылърэ сом мин 100 и уасэ спорт Iэмэпсымэхэмрэ яритащ Iэгуауэшхуэм щIэту.**

**Нартан дэт школ-интернат №5-м щекIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм, абы щыпсэу сабийхэм я гъащIэм увыпIэшхуэ щаубыд физкультурэмрэ спортымрэ. Абы щолажьэ волейболымкIэ, баскетболымкIэ, футболымкIэ, теннисымкIэ, атлетикэ псынщIэмкIэ, бэнэкIэ хуитымкIэ, шахматымкIэ гупжьейхэр. IуэхущIапIэм и физкультурэ-спорт комплексым хохьэ спорт зал ин, сабий стадион, гимнастикэ «къалэ цIыкIу», спорт утхэр, нэгъуэщIхэри.**

Жыкъуэ Динэ.

2009 ЩIалэгъуалэм я илъэс




# Аращ насыпыр зыхилъагъуэр



Кхъуэхъу Юлэ

ДУНЕЙ ПСОМ щыцIэрыIуэ композиторхэм ятха классикэ музыкэм дахагъэм ухуегъэуш, псэм фIэIэфIу гум хопщIэ. Ауэ, классикэ музыкэр, гупсысэ зыхэлъ IэдакъэщIэкIхэр къызыгурыIуэ, абы дихьэх щIалэгъуалэр, ди жагъуэ зэрыхъ ущи, зэкIэ мащIэщ. Дыщыгугъынщ щэнхабзэм, гъуазджэм, классикэ музыкэм фIыуэ хэзыщIыкI, абы пщIэ хуэзыщI щIэблэ зэчиифIэ ди лъэпкъым къыщIэхъуэну. Щэнхабзэм хуэлажьэхэм абы ехьэлIауэ иджыпсту лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIын, классикэ макъамэм и мыхьэнэр ныбжьыщIэхэм гурагъэIуэн зэрыхуейм шэч хэлъкъым.

Нобэ зи гугъу тщIыну пщащэр «макъамэр и псэм щIыгъущ» жыхуаIэхэм ящыщщ, и гуращэхэри хъарзынэу зригъэхъулIащ - абы къиухащ Саратов къалэм дэт къэрал консерваторием и фортепианэ къудамэр.

... Хьэбэз къуажэм щыщ Кхъуэхъу Юрэ ипхъу Юлэ жеIэ и сабиигъуэм щегъэжьауэ музыкэр фIыуэ зэрилъагъур. Хъыджэбз зэчиифIэ цIыкIур зыщIэхъуэпс IэщIагъэм дегъэхьэхынымкIэ чэнджэщэгъу, дэIэпыкъу эгъу къыхуэхъуащ и адэ-анэр.

И адэ Юрэ Москва къалэм дэт, Ломоносовым и цIэр зезыхьэ къэрал университетым и философие факультетыр къиухауэ щытащ, иджыпсту Къэрэшей-Шэрджэс къэрал академием щрегъаджэ. Юлэ и анэ Кхъуэхъу Iэсият Саратов консерваторием академическэ хорым и дирижёр IэщIагъэм щыхурагъаджэ и къудамэ къиухащ. Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжу Черкесск къалэм дэтым, Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэм, щрегъаджэ.

Пщащэм и зэчийр зэрыцIыкIу лъандэрэ къигъэлъагъуэу щIидзат. Юлэ фIэгъэщIэгъуэну, дихьэхыу хущIэкъуащ макъамэ щIэныгъэ зригъэгъуэтыным.

- Курыт школым сыщIэсу Черкесск къалэм дэт 2-нэ музыкэ еджапIэми сыщIэтIысхьауэ щытащ. ИлъэсиблкIэ абы сыщеджа нэужь, си зэфIэкIым адэкIэ хэзгъэхъуэн мурадкIэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым сыщIэтIысхьащ. Сэ сщIэрт консерваторие лъэщхэр къалэшхуэхэм зэрыщыIэр. АдэкIэ зызужьын, Iэзагъ нэс зэзгъэгъуэтын папщIэ, лэжьыгъэшхуэ къызэрыспэщылъыр фIыуэ къызгурыIу эрт. Арати, Саратов къалэм дэт къэрал консерваторием сыщIэтIысхьащ. Абы щеджэну щIэхъуэпсхэм я бжыгъэр икъукIэ куэдт, цIыхуиплI къэскIэ зыт щIэтIысхьэфынур, - игу къегъэкIыж Юлэ.

Я гум ираубыдар Iэмал имыIэу зрагъэхъулIэну щIэхъуэпс, я къару емыблэжу абы хуэлажьэ цIыхухэр щыIэщ. Апхуэдэщ Юли. Консерваторием щIэтIысхьэну мурад зыщIа цIыху куэдым Юлэ ефIэкIащ бгъэдэлъ акъылымкIэ, хэлъэтымкIэ, зэчий нэсымкIэ. Сыхьэт бжыгъэкIэ екIуэкIа экзаменыр ита нэужь, комиссэм хэта IэщIагъэлIхэм Юлэ и егъэджакIуэхэм фIыщIэ гуапэ къыхуащIащ, фор тепианэм ху эIэрыхуэ у, классикэ музыкэм фIы дыдэу щыгъуазэу, еджэным щIэхъуэпсу абы зыкъызэригъэлъэгъуам папщIэ.

Творчествэ и лъэныкъуэкIэ Юлэ зыщымысхьыж цIыхущ.

- Консерваторием сыщыщIэса илъэсхэм зи IэщIагъэм хуэIэкIуэлъакIуэ егъэджакIуэ-профессорхэм я Iэзагъым, я зэчийм сехъуапсэрт, абыхэм садэплъеиным сыхущIэкъурт. Абы ку ууэ щыдагъэджащ хэгъу эгу, урыс композиторхэм я къекIуэкIыкIар, къинэмыщIауэ, я IэдакъэщIэкIхэм я тхыкIэ (стиль) зэхуэмыдэхэр. АпхуэдизкIэ макъамэ гъуазджэм сыхилъасэрти, сыхьэт бжыгъэкIэ зэпымыууэ фортепианэм сеуэфырт. Классикэ макъамэм и щэхухэм сыщыгъуэзэну, а щэхум и ку упIэхэм сыхэплъэну згъуэта Iэмалыр тэмэму къызэрызгъэсэбэпыным сыхущIэкъурт, - жеIэ Юлэ.

Юлэ и хьэлми, гъащIэм хуиIэ еплъыкIэми захъуэжауэ къелъытэ. Ар сыт щыгъуи лэжьыгъэщIэм поплъэ, щIалэгъу алэр игъэгушхуэныр фIэфIу, г уапагъэм и телъхьэу къогъуэгурыкIуэ.

- Классикэ произведенэр гукIэ, псэкIэ зыхэсщIэу зэрыщIэздзэрэ абы и мыхьэнэр зэрыиныр нэхъ къызгурыIуэ хъуащ. Насыпышхуэу къызолъытэ егъэджакIуэ Iэзэхэр сызэриIар, абыхэм я зэфIэкIхэм щыгъуазэ сызэрыхуащIар, -жеIэ Юлэ.

Кхъуэхъу Юлэ иджыпсту щрегъаджэ Черкесск къалэм Даур Аслъэн и цIэр зэрихьэу дэт колледжым. Абы къыдэкIуэу, Адыгэ-Хьэблэ районым дэт ЩэнхабзэмкIэ унэми щолажьэ. Ди щIыналъэм щеджэ щIалэгъуалэр музыкэм дегъэхьэхыным, фортепианэ еуэкIэм хуэгъэсэным ехьэлIауэ Юлэ пщэрылъ куэд зыхуищIыжащ.

- ЦIыхум и зэчийм зегъэужьынымкIэ, къыхиха IэщIагъэм хуэIэижь щIынымкIэ куэд елъытащ зи унафэ ущIэтым, уезыгъаджэм. Мы зэманым колледжым щезгъаджэхэм яхужыпIэфынур фIы къудейщ, икIи си гуапэт абыхэм ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну. Тхьэм къызигъэхъулIэмэ, нэхъ тегъэчыныхьауэ сытелэжьэнущ щIалэгъуалэм я зэфIэкIхэр къыщагъэнэIуэфын классикэ концертхэр къызэгъэпэщыным.

Мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ ныбжьыщIэхэм я IэщIагъэм къыпэкIуэну фIыгъуэр езыхэм къагурыIуэжу, абы хуэпабгъэу щытыным. Апхуэдэ лэжьыгъэр кIэух зимыIэщ. Абы къару къаритурэ нэхъри тегушхуауэ лэжьэнущ икIи къанэ щымыIэу я IэщIагъэм зратынущ, - жеIэ Юлэ.

Зыпэрыт IэнатIэм фIыуэ хэзыщIыкI, сыт хуэдэ Iуэхури екIуу зыгъэзэщIэф цIыхум удэлэжьэныр сыт щыгъуи гухэхъуэщ. Кхъуэхъу Юлэ и Iуэху зехьэкIэм уи фIэщ ещI абы дяпэкIи хузэфIэкIынур зэрымымащIэр. Абы фIыуэ къыгуроIуэ зэманыр ипэкIэ зэрыкIуатэр, махуэ къэс щIэ гуэрхэр гъащIэм къызэрыхыхьэр. Ауэ, Юлэ къызэрилъытэмкIэ, классикэ макъамэ гъуазджэм и дахагъыр зэи зызымыхъуэжщ, цIыхум и гуращэ къабзэхэр къэзыгъэуш Iэмал телъыджэщ.

Кхъуэхъу Юлэ хьэлэлу и IэщIагъэм иролажьэ, щэнхабзэр ипэкIэ кIуатэмэ фIэфIу, щIэблэр фIым, дахагъэм хуиущийуэ. Догугъэ Юлэ и мурадхэр къехъулIэну.

**АКЪ Динэ.**

★★★★★★ 2009 ЩIалэгъуалэм я илъэс ★★★★★★

# Хэт жызыIар ди ныбжьыщIэхэр хуэмыхуу?

ДАУРХЭ Валерэрэ Эллэрэ Хьэбэз районым щыпсэу псоми яцIыхуу жытIэми, дыщыуэну къыщIэкIынкъым. Сыт хуэдэ IуэхущIафэу пIэрэ яIэр а ныбжьыщIитIым, я цIэхэр цIыхубэм фIыкIэ ираIуэну? ЦIыху къызэрыгуэкIым уи цIэр фIыкIэ жебгъэIэныр тыншкъым, апхуэдэ щIыхьыр псалъэкIи къыпхуэлъэщынукъым, ахъшэкIи къыпхуэщэхунукъым. Псори къызэрыгуэкIщ. Адыгэм ижьижьыж лъандэрэ пщIэ нэхъ зыхуищI дыдэу щыта лэжьыгъэм пэрытщ зэщхьэгъусэхэр - щIым йолэжь.

Валерэ мэкъумэш щIэным дезыгъэхьэхар, абы и щэхухэр «къыхузэIузыхар» «Хьэбэз» совхозу щытам и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа и адэ Даур Борисщ. Адэм, щIалэгъуалэм я зэманыр къызэрысар къыгурыIуэри, и къуэм бжьыпэр IэщIилъхьащ. Тхьэ узэрелъэIунуи, Валерэ гъащIэ гъусэ хуэхъуа, Дэбагъуэхэ япхъу Эллэ, адыгэ бзылъхугъэм зэрыхуэфэщэну, и щхьэгъусэм и Iуэхур дищтащ, сыткIи щIэгъэкъуэн хуэхъуащ. Зыми жиIэнукъым мэкъумэш Iуэхур тыншу, хъер къызыпэкIуэ фейдэ хэкIыпIэ гуэру. Уи гуащIэ уемыблэжу улэжьами, гъавэ бэвкIэ угугъэми, дунейр зэрыхъум елъытащ уи кIэн къызэрикIынур, къохъулIэнур зыхуэдизынумрэ зыхуэдэнумрэ. Аращи, мэкъумэшыщIэр жэщ-махуэ имыIэу губгъуэм итщ, дэтхэнэ уэфI сыхьэтри щызу къызэригъэсэбэпыным хущIэкъуу. ЩIалэгъуалэм мащIэщ яхэтыр Валерэрэ Эллэрэ ягуэщI лэжьыгъэшхуэм пэлъэщыну.



Даурхэ Эллэрэ Валерэрэ.

Зэгуэрым, кIэртIоф къэтIыжыгъуэм зэрехъулIэм зыщыдгъэгъуазэмэ ди гуапэу дыкIуат «Хьэбэз» СПК-м. Хъарзынэу екIуэкIырт хъызмэтым и Iуэхухэр. АтIэ, а махуэм кIэртIоф къезыхьэлIэж цIыхухэм яхэту лажьэрт Валерэ. Арами, дызэрыщагъэгъуэзамкIэ, я лэжьакIуэхэм, сыт щыгъуи хуэдэу, я ерыскъы хуабэри ягъуэтащ; машинэхэр, тракторхэр зыхуэныкъуэну гъэсынхэкIхэри, кърахьэлIэж кIэртIофыр хъумапIэхэм езышэлIэну машинэхэри, псори зэтеувыIэ имыIэу апхуэдэт. Хэт а псоми кIэлъыплъыр атIэ, я унафэщIыр езыр губгъуэм итмэ? КъызэрыщIэкIамкIэ, лэжьыгъэм щигуащIэгъуэу Валерэ щыхущIэмыхьэхэм деж къызэгъэпэщыныгъэ Iуэхухэр екIуу зезыгъакIуэр Эллэщ. Мис апхуэдэу ныбжьыщIэхэр зызэщIагъакъуэу мэлажьэ. КIуэ аракъэ, дэтхэнэ унагъуэщIэми щапхъэ зытрих хъунщ Валерэрэ Эллэрэ я зэхущытыкIэр.

АтIэ, унафэщIыр Iуэхум фIыуэ щыгъуазэмэ, цIыхухэри тыншу егъэлажьэ, и гугъуехьым и хъери елъагъуж. Апхуэдэу, мы гъэм кIэртIоф къехьэлIэжыгъуэм цIыхухэм лэжьапщIи кIэртIофым щыщи иратащ. Иджы зэманым, экономикэ кризисым и гуащIэгъуэу къуажэдэсыр щыхигъэщIапэм, ар дэIэпыкъуэгъушхуэ яхуэхъуащ Хьэбэз районым ис унагъуэ куэдым.

Езы «Хьэбэз» СПК-м щылажьэ дыдэхэращи, гъавэр Iуахыжу гуэнхэм ирагъэзэгъэжа нэужь, дэтхэнэми лъосыж кърахьэлIэжам щыщ IыхьэфI. Ар улахуэм щымыщу. УлахуэмкIи арэзыщ цIыхухэр - къалэжьар сыт щыгъуи и пIалъэм кърадыж. Арыншэмэ, щIалэщIэхэри зи ныбжь хэкIуэтахэри зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу мэкъумэшым щыпхуэлэжьэну? Нэхъыжь здэщыIэм хабзи щыIэщ жыхуаIэращи, нэхъыщIэхэм щапхъэ зытрахын, я IэщIагъэм хуезыгъэсэн нэхъыжьыфIхэр къащхьэщытщ. Гупым яку дэлъ зэгурыIуэныгъэм Даур Валерэ и унафэ узыншэр, Эллэ и дэIэпыкъуныгъэмрэ хэлъэтымрэ хэплъхьэжмэ, зэдэууэ лажьэ хъызмэт лъэщ мэхъу. Гупым зыхимыщIэу къанэркъым унафэщIым и гулъытэр. НыбжькIэ щIалэми, Даур зэщхьэгъусэхэм къагуроIуэ лэжьакIуэм хуэпщI пщIэм хуэдэ езыхэми къызэрыпхуащIыжынур.

Губгъуэ Iуэхухэр зэщIагъэхьа нэужь, иджыри зэ захуэдгъэзащ Валерэрэ Эллэрэ.

- Гъэм кърикIуахэмкIэ, фи лэжьыгъэм теухуа Iуэху еплъыкIэхэмкIэ фыкъыддэгуашэмэ ди гуапэт.

- ХэткIи щэхукъым мэкъумэшыщIэм и лэжьыгъэр зэрымытыншыр. Гугъу демыхьауэ жытIэми, пцIыуэ къыщIэкIынщ. Арами, губгъуэ Iуэхухэри зэщIэдгъэхьэщ, тенджыз Iуфэм дыкIуэри, дэгъуэуи зыдгъэпсэхужащ. Мыдрейуэ, сыт и уасэ хэплъхьар бэвагъкIэ къотэжу уи гуэным ипкIутэжыныр! ДызыIууэ гугъуехьхэм, ди гукъеуэхэм ящыщщ мэкъумэшыщIэм гъавэр къигъэкIыным, кърихьэлIэжыным текIуадэ къарумрэ абы къэралым хуищI уасэмрэ зэрызэлъэщIэмыхьэр. Мы гъэм зэи хуэмыдэу кIэртIофым и уасэр ехуэхащ, адрей къэкIыгъэхэри апхуэдэщ. Я лэжьыгъэм хуэфащэ пщIэ къыпэкIуэу щытамэ, мэкъумэш IэнатIэм цIыхуу къыхыхьэри нэхъыбэ хъуну къыщIэкIынт.

Зы гъэмрэ адреймрэ зэтехуэркъым. Зэ къомыхъулIами, лэжьыгъэр узэрыхуейуэ мыбэгъуами, къыкIэлъыкIуэ гъэм узэгугъуар къогугъужу щыплъагъукIэ, гуэдз щхьэмыжхэр уфэфэжу губгъуэм къыщызэщIэрыуауэ уащыхэплъэкIэ, нэхъри удехьэх мэкъумэш Iуэхухэм, уи гукъыдэжри къеIэт. Аращ дэри ди Iуэхур зэрыхъуар. Япэ щIыкIэ дзыхьмыщIу, ауэ си адэм и чэнджэщхэм дагъэгушхуэурэ щIыгу лэжьыным зеттами, иджыкIэ хуабжьу дыдихьэхащ, дяпэгъи нэхъыбэ дымыщIмэ, зыкIи нэхъ мащIэ тщIынукъым ди мэкъумэш щIапIэхэр. ЖысIэну сызыхуейращи, щIыгум уелэжьыным узыIэпешэ. IэнатIэр щызэпэубыда иджырей зэманым, зэмылэжь щIыгу нэщIу губгъуэхэм илъыр щыкуэдым, мэкъумэшым зептыныр хэкIыпIэфIу къыдолъытэ. Уегугъуу, уигури уи псэри хэплъхьэу улажьэмэ, уи пщIэнтIэпсым и хъер плъагъужынущ, - я гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшащ ныбжьыщIэхэр.

Куэдым жаIэ иджырей щIалэгъуалэр хуэмыху хъуарэ лэжьэну хуэмеижу, лажьэми, мылъкушхуэ хэкIыпIэ мыхъумэ, нэгъуэщI хьэлэмэт зэрамыхуэу. Ар уи фIэщ дауэ зэрыхъунур, Даурхэ Валерэрэ Эллэрэ хуэдэ ныбжьыщIэхэр къыпхэту?!

**АРЭШЫКЪУЭ Дисэ.**

# ПIэтIокъуэ Аслъэн и къулыкъу лъагэр



**Адыгейм щыпсэу цIыху мин 450-м я Iыхьэ щанэм щIигъум я ныбжьыр илъэс 30-м щхьэдэхакъым. Абы ирогушхуэ АР-м щIалэгъуалэм и Iуэхухэмк Iэ и комитетым и унафэщI ПIэтIокъуэ Аслъэн.**

**Езы Аслъэни ныбжькIэ щIалэми, куэдым хунэсащ: Адыгей къэрал университетыр къиуха нэужь, абы республикэ телевиденэм IэнатIэ зыбжанэ щрихьэкIащ, «Адыгэ макъ» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. Зэрытлъагъущи, журналист лэжьыгъэм фIыуэ хещIыкI. Ар абы сэбэп къыщыхуохъу мы зэманым зэрихьэ къулыкъум.**





Спорт



Жамырзэ Алекс (Айтэч)

# Бгырыпх фIыцIэ зиIэ цIыкIураш

**Илъэсих ныбжь фIэкIа зимыIэ адыгэ щIалэ цIыкIу Жамырзэ Алекс (Айтэч), Австралием щыпсэур, а къэралым щыщу нэхъ щIалэ дыдэу тхэквондомкIэ бгырыпх фIыцIэ зыIэригъэхьащ.**

**Австралием и мызакъуэу, мы хъыбарыр щIыналъэ куэдым щызэбгрыкIащ. Ин Чеолэ Йоо и гъэсэн Жамырзэ Алекс спортым и дунейм псынщIэу къыщацIыхуащ. ЩытыкIэр дауи къызэрымыкIуэщ - Кастл Хилл къалэ цIыкIум щыщ сабийм бгырыпх фIыцIэр зыIэригъэхьащ икIи здынэсам къыщыувыIэну мурад иIэ хуэдэкъым. Иджыпсту адыгэ щIалэ цIыкIум зыхуегъэхьэзыр Сидней щекIуэкIыну Дунейпсо зэхьэзэхуэшхуэм, адэкIэ и ныбжь ирикъумэ, Олимп Джэгухэр и плъапIэщ. «Шэч хэмылъу, икъукIэ къалэн гугъущ, ауэ си къуэрылъхум и ерыщагъымрэ тхэквондом зэрыдихьэхамрэ къэплъытэмэ, ар зригъэхъулIэфынущ», - и фIэщ мэхъу Алекс и адэшхуэ Жамырзэ Виктор.**

АВСТРАЛИЕМ къыщыдэкI газетышхуэхэм ящыщ зы «Hills Shire Times» Алекс хухихащ и япэ напэкIуэцIыр, илъэсым и спортсмен къэунэхуауэ къилъытэри. Австралием и тхэквондом и вагъуэщIэ къыщIэкIам и сурэтыр къэралым и газетхэм къытрадзащ, а хъыбарым щытопсэлъыхь интернетми. Куэдым я псалъэхэр зэтохуэ: щIалэ цIыкIум иджыпсту иIэ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм уеплъмэ, шэч хэмылъу, гъуэгуанэшхуэ къыпэщылъщ.

- Сэ нэхъапэм срихьэлIакъым апхуэдэ зэчиифIэ сабий, - жеIэ и гъэсэным щхьэкIэ 8-нэ дан зиIэ тренер Ин Чеолэ Йоо. - Ар Iэрыхуэщ, и ныбжьым емылъытауэ псынщIэщ, жыджэрщ, абы къыдэкIуэуи зэщIэкъуащ икIи фIыуэ илъагъу спорт лIэужьыгъуэм хуэпэжщ, зыгъэсэныгъэхэм сытым дежи къокIуалIэ.

Кларк Вильям и цIэр зезыхьэ колледжым и еджакIуэ Алекс илъэситI хъуауэ тхэквондомкIэ зегъасэ. Спорт лIэужьыгъуэр абы езым къыхихащ, ар ещхь хъуну хуейщ зэрысабий дыдэрэ къызыщIэтэджа нарт хъыбархэм хэт лIыхъужьхэм хуэдэу къаруфIэу, пэжым и телъхьэу.

Езы Алекс и япэ ехъулIэныгъэхэм къызэрыгуэкIыуэщ зэрыбгъэдыхьэр: ар гъуэгуанэшхуэм теувэ къудейщ, нэхъ текIуэныгъэшхуэхэмрэ лъэгапIэхэмрэ абы иджыри къыпэщылъщ. Спортым щызыхуигъэувыжа къалэн нэхъыщхьэу Жамырзэ цIыкIум къилъытэр Олимп Джэгухэм хэтынырщ.

- Сэ махуэ къэс зызогъасэ, тхьэмахуэм къищынэмыщIа, - жеIэ Алекс. - Спортым сыдехьэх, колледжым сыщоджэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм топ соджэгу. Си унагъуэм зэманыр щызгъэкIуэну сфIэфIщ, ар щIэгъэкъуэнышхуэ къысхуохъу, си текIуэныгъэхэм ягъэгушхуэ.

Жамырзэхэр адыгэ лъэпкъ цIэрыIуэщ. Абы я цIыхухэр зэчиифIэщ, гъуазджэм, спортым, цIыхубэ лэжьыгъэм ехъулIэныгъэшхуэ щызыIэрызыгъэхьахэм ящыщщ. Ахэрауэ къалъытэ Австралием щыIэ «Адыгэ Хасэ»-р къызэзыгъэпэщар, я адэжьхэм я хабзэхэр яхъумэу.

- Алекс гугъэшхуэхэр иIэщ, - жеIэ Жамырзэ Виктор. - Ар и хъуэпсапIэм хуэкIуэу мэпсэу, сыт хуэдэ Iуэхуми текIуэныгъэ къызэрыщихьыным ерыщу хущIокъу. Куэд къэнэжакъым: хэт ищIэрэ, Жамырзэхэ ящыщу ар япэу Олимп утыкум къихьэфынкIэ хъунщ.

**ШАПСЫГЪ Хьэзрэт.**

# «Нартхэм я мафIэр иремыункIыфI!»

Лъэпкъ Iуэху

**Краснодар крайм и адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къыхалъхьат лъэпкъ щэнхабзэм ехьэлIа зэхыхьэшхуэ щIыналъэм и къалэ нэхъыщхьэм щрагъэкIуэкIыну. Абы пэджэжащ дыгъэгъазэм и 17-м адыгэ щэнхабзэм и япэ щIалэгъуалэ фестивалу Краснодар щызэхэтар. Мы Iуэхур хуэгъэзауэ щыташ Кубанымрэ Адыгеймрэ куэд щIауэ яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, адыгэхэм я лъэпкъ щIэиныр хъумэным. ЩIыпIэ властхэм а жэрдэмыр я гуапэу даIыгъащ.**



Утыкур иубыдащ «Налмэсым».

ФЕСТИВАЛЫМ ипэIуэкIэ Краснодар концертышхуэ щитат «Налмэс» къэфакIуэ гуп цIэрыIуэм. Хабзэ хъуауэ илъэсым и кIэм а гуп гъуэзэджэм Мейкъуапи Краснодари зыкъыщегъэлъагъуэ. Крайм щыпсэухэр куэд щIауэ я гуапэу кIэлъоплъ Адыгейм и артистхэм я зэфIэкIым.

«Налмэсым» сыт щыгъуи щIэ къелъыхъуэ. Абы къыхэкIыу иджы япэу ансамблым и гъусэу утыку ирешэ адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащIэ «Ежьу» гупыр.

- Илъэсыщ Iэми дэ мыбы дыкъэкIуэнущ икIи хэгъэреифI щытхуэхъуа цIыхухэр дгъэгуфэнущ, - жриIащ «Налмэсым» и балетмейстер нэхъыщхьэ, Кубаным щIыхь зиIэ и артист Хьэжы Аслъэн «Шапсыгъ» газетым и лэжьакIуэм.- Къафэ лIэужьыгъуэщIэхэр догъэхьэзыр. Сыщогугъ ахэри бысымхэм ягу ирихьыну.

- «Налмэсым» Кубаным щыпсэухэм дэрэжэгъуэ ин яригъэгъуэтащ, - къыхигъэщхьэхукIащ Адыгэ Республикэм и лIыкIуэу Краснодар крайм и администрацэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Мамиикъуэ Чым. - Щэнхабзэм лъэпкъхэр зэкъуегъэувэ, зэгъунэгъу щIыналъэхэм щыпсэухэр нэхъыфIу зэрегъэцIыху, я зэхуэдэ къалэнхэр зэфIэгъэкIыным ахэр хузэщIегъэуIуэ, Урысейм и лъэщагъымрэ зэкъуэтыныгъэмрэ егъэбыдэ.

Фестивалым щызэхуэсат Краснодар краймрэ Адыгеймрэ я щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэм къикIа артистхэр, къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр. Гупышхуэ ягъэкIуащ тенджыз ФIыцIэм Iус шапсыгъхэм - Лазаревск Адыгэ щэнхабзэмкIэ и центрым щыщхэу «Шапсыгъ» къэфакIуэ гупыр, «Адыгэхэр» сабий уэрэджыIакIуэ гупыр, лъэпкъ макъамэхэр зыгъэзащIэ «Насып» гупыр, ТIуапсэ куейм хыхьэ Iэгуей-Шапсыгъ къуажэм «Шапсыгъым и плъыфэхэр» ансамблыр. ЦIыхухэр хуабжьу дихьэхыу еплъащ Хеишхуэ Сурэт IэкIуэлъакIуэу игъэзэщIа «Шапсыгъхэм япхъу» композицэм, пшынау э Гъуафэ Хъалид игъэзэщIа «Лъэпкъ макъамэхэм».

- Ди фестивалыр йокIуэкI «Нартхэм я мафIэр иремыункIыфI!» къыхуеджэныгъэм щIэту, - къыхигъэщащ Краснодар крайм «Адыгэ щэнхабзэм и центр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Щам Сэфият. Мыр ди япэ зэхыхьэщ. Шэч хэмылъу, ар щIэдзапIэ хуэхъунущ дяпэкIэ едгъэкIуэкIыну фестивалхэм. Ди мурадщ пасэрей адыгэ гъуазджэм гъуэгу хузэIутхыну, ар Iэмал зэриIэкIэ цIыху нэхъыбэм я деж нэдгъэсыну.

- Краснодар крайм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, дин IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Острожный Валерэ абы и псалъэхэр деIыгъ:

- Лъэпкъхэм яку мамырыгъэрэ зэгурыIуэрэ дэлъыным я шэсыпIэщ крайм щыпсэухэр зэхуэгъэзэныр. Лъэпкъ щэнхабзэр дэтхэнэми къыгуроIуэ. Абы лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ цIыхухэр зэгъунэгъу ещI. Мы Iуэхур къызэрыхалъхьэрэ куэд щIащ, ауэ иджыщ а жэрдэмым гъуэгу щигъуэтар. Дэ хьэкъыу тпхыкIащ адыгэ щэнхабзэм и дахагъэр, абы и купщIэ куур.

Шапсыгъхэм я лъахэм икIахэм хуэдабзэу, фестивалым ехъулIэныгъэшхуэ щаIащ Адыгейск къалэм игъэкIуа, «Нарт» сабий къэфакIуэ гупым, пшынауэхэу Бещкъокъу Щамилрэ ЛIуп Аслъэнрэ, уэрэджыIакIуэ Дыгъужь Маринэ сымэ. Езы Краснодар крайм щыщ адыгэхэри хуэмыхуакъым. Iэгуауэ инхэр хуаIэтащ «Iуэщхьэмахуэ», «Бгырыс хъыджэбз» ансамблхэм, адыгэ эстрадэ уэрэдхэр Iэзэу зыгъэзэщIа Тутарыщ Зауррэ Тхьэкъ уахъуэ Тимуррэ.

Зыкъэзыгъэлъагъуэ артистхэм я нэхъыщIэ дыдэр илъэси 5 ирикъуатэкъым. Апхуэдэу къыхэдгъэщхьэхукIынщ Тэхъут эмыкъуей къуажэм щыщу лъэпкъ IэмэпсымэхэмкIэ макъамэхэр зыгъэзащIэ «Къамыл» ансамбль цIэрыIуэр, Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ театрым и ныбжьыщIэ гупыр. Иужьрейм хуабжьэу Iэзэу игъэзэщIащ «Си нэ, си псэ, си адыгэбзэ» теплъэгъуэ цIыкIур.

- Адыгэхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ Краснодар крайм и блэкIамрэ иджырей зэманымрэ, - жеIэ Iуэхур зэхэублэным мылъкукIэ зыщIэзыгъэкъуа, Краснодар къалэм и «Адыгэ Хасэм» и тхьэмадэ Щхьэлахъуэ Азэмэт. - Иджырей фестивалыр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар щэнхабзэ щIэиным щIэпIыкIын хуей ныбжьыщIэхэрщ. Нобэ абы и лъэныкъуэкIэ лъэбакъуэшхуэ тчащ, ауэ ар щIэдзапIэ къудейуэщ къызэрытлъытэр.

*Тхыгъэри сурэтхэри зейр*
**НЫБЭ Анзорщ.**



«Шапсыгъым и плъыфэхэр» гупыр къофэ.

2009
ЩIалэгъуалэм я илъэс

# Цlыху жумарт Махуэ Беслъэн

**Уи щlалэгъуэм щыхыумысар жыгъэми щыбгъуэтыжынукъым. Къыпщlэнэ щlэблэми къахуэнэнур гъащlэ гъуэгу хъэрэмэхъищэм щыхэпш уи лъагъуэращ. Уи Iуэхухэращ уи жыщхьэгъэдахэри узыгъэлъэпIэжынури.**


Махуэ Беслъэн

ЦIЫХУ КЪЭС иIэжщ езым и насып. Язынықъуэри зэрыпсэу къудейм арэзы техъуэу дунейм тетщ, махуэщIэ дыгъэ зэралъагъум иригуфIэу. Адрейхэр, я махуэ блэкIхэм щымысхьыжу, джатэпэрыжэу гъащIэм хэтщ. Къыхах я Iыхьи, пщIэи, щIыхьи, цIыхухэми зэращхьэпэным йогупсысыф. Ахэращ гъащIэр зыгъэкIуатэр, зезыгъэужьыр, абыхэм я щапхъэрщ нэхъыфIыжым ухуэзыгъэпабгъэр. Бгъэ дамэ лъэщу зызыIэт щIалэгъуэм сытми унигъэсыфынущ, ухуей къудеймэ. Медан жыгъей зэрыхъэу зэхэлъ мы гъащIэм и дэтхэнэ нэрынэми къибнэфынущ е уи сурэт, е уи Iуэху, е уи лъэужь.

Нобэ зи гугъу фхуэтщIыну щIалэр лъэ быдэкIэ ирокIуэ гъащIэм. Зызрипщыт Iуэхухэри и щхьэ зэригъэфIэнкъым. Спортым, узыншагъэм зэрыцIыкIурэ и гъащIэр ирипхауэ ирокIуэри, сабийхэри абы зэрыдригъэхьэхыным пылъщ. Махуэ Беслъэн Ехье и къуэр спортсменщ, Iуэхурылажьэщ, гъэсакIуэщ, щIалэщIэ куэдым сэбэп яхуэхъу цIыху жумартщ. ГъащIэм уезыпх уагъэр хьэрычэтращи, ари хэлъщ.

Беслъэн Али-Бэрдыкъуэ къуажэм щыщщ, Ростов дэт экономикэ университетыр къиухащ. ЩIэныгъэфI зэзыгъэгъуэта щIалэм экономикэ къулыкъущIапIэхэм IэнатIэ щигъуэтынут, ауэ езым и хьэрычэткIэ куэд щIат нэгъуэщI гъуэгу къызэрыхихрэ.

... Махуэр илъэс пщыкIущым иту къахутащ гууз хьэлъэ зэриIэр икIи балигъхэми къайхьэлъэкI операцэшхуэ ящIащ. И адэр къыщхьэщытыжтэкъым, ауэ и Iыхьлыхэм я гур хупихыу, гъэфIэну яIэт. Апхуэдэ щытыкIэми арэзы техъуэу псэуфынут ар. Ауэ Беслъэн и гъащIэм къыхуидза джэжым пэщIоувэ, спортым зрет, телевизоркIэ, журналкIэ илъэгъуа дунейпсо бэнэкIэхэм зыхуегъасэ. Зи узым текIуэн зыхузэфIэкIа щIалэр абыкIэ къэувыIэркъым, а зыр абы дежкIэ гъащIэ лIыгъэ ирикъуну щытми. Спортым адэкIи зыдрегъэхьэх, тхэквондо зэуэкIэ лIэужьыгъуэмкIэ республикэр щыгъэтыжауэ, Урысейпсо зэпеуэхэм макIуэ. ИкIи хузэфIэкIыр мащIэкъым: Урысейм и чемпион мэхъу, «А» классымкIэ Испанием щекIуэкIа дунейпсо турнирым щытокIуэ, спортымкIэ мастер мэхъу.

Ауэ операцэ хьэлъэ ящIа щIалэр спортышхуэм афIэкIа хэт мыхъуну къыжраIэ. Абыи къигъэувыIэркъым, Беслъэн. Ар къыщыдэмыхъукIэ, нэгъуэщI Iуэхум зрет - тренеру лэжьэн щIедзэ. Сыт хуэдэ Iуэхури нэгъэсауэ зыщIэу еса щIалэм мыбдежи ехъулIэныгъэфIхэр къелъэщ - Урысейм щIыхь зиIэ и тренер мэхъу.

Апхуэдиз зы цIыхум хузэфIэкIыныр хъарзынэкъэ? Ауэ абыкIи игу загъэркъым Махуэм. 1996 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм тхэквондомкIэ и федерацэм и президент мэхъу, 2001 гъэм Черкесск къалэм и ныбжьыщIэ спорт еджапIэм, 2007 гъэм КъШР-м и ныбжьыщIэ спорт еджапIэм и унафэщIу ягъэув, республикэм тхэквондомкIэ и федерацэм и президент ящI.

Зи ныбжьыр илъэс 33-м ит щIалэмкIэ мащIэкъым ар.

Ауэ, дауэ щымытми, абыи арэзы къищIыркъым. ЩIалэгъуалэ къыдэкIуэтейм и Iуэхум йогупсыс.

- Ди сабийхэм я Iуэху дэ зедмыхуэжмэ, зыми къакIуэу къахуищIэнуIакъым. Нобэ дэ ядмыт къарущ ахэр пщэдей зыхуэныкъуэжынур. ЩIалэгъуалэм я Iуэхуращ къэралым дежкIи, дэтхэнэ балигъым дежкIи нэхъапэр. Ауэ нобэ ар куэдым IэщIыб ящI. Ар тэрэзкъым. Сэ псори схузэфIэкIыну жысIэркъым, ныбжьыщIэхэри си къару закъуэкIэ нэгъэсауэ зыхуей хуэзгъэзэфынукъым. Щхьэж хузэфIэкIыр ирещIэ. Сэ слъэкIыр аращи, спорт IуэхумкIэ ныбжьыщIэхэр зыхуей зэрыхуэзгъэзэным сыпылъщ, - жеIэ Махуэм.

Беслъэн и псалъэхэр и IуэхухэмкIэ щIегъэбыдыхьыж. НыбжьыщIэхэм я уардэунэу къалэм дэтым и етIуанэ къатыр къаIихри, спортзал хьэлэмэт трищIыхьащ. ПсэукIэ-Дахэ къуажэм спортзал яхуищIащ, хуабэр щIашэмэ, яутIыпщыну щытщ. Къалэ курыт еджапIэ №8-м спорт комплекс цIыкIу щищIащ, 5-нэ еджапIэми дищIыхьыну и ужь итщ. Спортзал ищIахэм и нэIэ ятригъэтщ, гъэсакIуэхэр езым къыхех. Нэгъэсауэ гурэ псэкIэ Iуэхум и ужь зэритым и щыхьэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къалмыкъым кърищауэ гъэсакIуэхэр зэригъэлажьэр.

«Мамлюк» спорт клубыр къызэIуихащ, абыи и президентщ. Алыдж-урым бэнэкIэм Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щиIэ федерацэм и къызэгъэпэщакIуэщ, тай бокс, кикбоксинг зэуэкIэхэм Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щаIэ я федерацэри зэфIигъэуващ. ДяпэкIэ Хьэбэз районым и къуажэхэм къыщызэIуихыну и гугъэщ бэнэкIэхэм ныбжьыщIэхэр щыхуагъасэ спортзал. Иджыпсту и гъэсэнхэр Урысейм щекIуэкI дэтхэнэ зэпеуэми ешэ, фIыщIэцIэхэр къарегъэлъэщ.

Махуэ Беслъэн хэлIыфIыхьри, «ЩIэблэщIэ псапащIэ фондым» и спорт программэм хыхьэу иджыблагъэ Черкесск къалэм спорт комплексышхуэ къыщызэIуахащ. Абы фIащащ игъуэ нэмысу гъуэгум текIуэда и къуэшым, Черкесск къалэ Думэм и Тхьэмадэм и къуэдзэу лэжьа Махуэ Аслъэн и цIэр. Спорт IуэхущIапIэр къыщызэIуахым, къеблэгъахэм яхэтт УФ-м и Правительствэм и вице-премьер Иванов Сергей, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Президент Эбзеев Борис, КъШР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и Тхьэмадэ Дохъушокъуэ Зураб, ЦIыхубэ ЗэIущIэм и лIыкIуэхэр, Черкесск къалэм и Iэтащхьэ Коротченкэ Петр, нэгъуэщI хьэщIэ лъапIэ куэд.

Республикэм и дежкIэ спорт комплекс ящIар лъэбакъуэшхуэщ. Комлексым спортзали 3 хэтщ: алыдж-урым бэнэкIэм, тхэквондом, кикбоксингым зыщыхуагъэсэну. Спортзал къэс зыхуэпапIэ, зыгъэпскIыпIэ щхьэхуэхэр яIэжщ.

Тхьэм игъэпсэу мы Iуэху дахэр зи хьэрычэт Махуэ Беслъэни ар къыдэзыIыгъахэри. ЩIэблэм нэхъыщхьэ сыт хуэдэ лъэпкъми иIэкъым, ар къызыгурыIуэрэщ кIуэдыжыгъуэм имыхуэнури.

ЦIыху гъащIэм и кIыхьагъыр Тхьэшхуэращ зыщIэр. Ауэ ар купщIафIэ хъунуми нэду екIуэкIынуми дэращ зэлъытар. Махуэ Беслъэн Ехье и къуэм и гъуэгуанэр дяпэкIи зэрефIэкIуэнум шэч хэлъкъым. Сыту жыпIэмэ, Алыхьри, зэманри, гъащIэри зыдэIэпыкъур хьэрычэт зыхэлъ цIыху жумартхэращ.

БЕМЫРЗЭ Зураб.




Пашэхэр

# Гушхуэныгъэм уздынихьэс лъагапIэхэр

**И насыпщ и щIалэгъуэ-къару илъыгъуэ зэманыр къигъэсэбэпу IуэхуфIхэм зезыпщытыфым, ахэр зэзыгъэхъулIэфым. А зэманыр пщIэншэу зымыгъэкIуэдхэрщ цIыхубэм, къэралым яфI зыхэлъ лэжьыгъэшхуэм иужькIэ зезыпщытыфри.**

**Пхъэш Ашэмэз ящыщщ зэманыр пщIэншэу зымыгъэкIуэд ныбжьыщIэхэм. Черкесск къалэм къыщыхъуащ, щеджащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ, ноби унагъуэ хьэлэмэт иухуауэ щопсэу. Къалэ мыиным ехъулIэныгъэшхуэ щызыIэрыбгъэхьэныр гугъуу къэзылъытэхэр щыIэщ, ауэ Ашэмэз хуэдэ ныбжьыщIэхэм уи фIэщ ящI дэнэ ущымыIэми узыщIэхъуэпсым узэрылъэIэсыфынур. Нэхъыщхьэр а псори щIалэгъуэм къыхэпхыфынращ, нэрыгъыу абы ухуэкIуэнращ.**


Пхъэш МуIэед

«И АДЭ И КЪУЭЩ!», зыхужыпIэн щIалэщ Ашэмэз. Хэт зымыцIыхур Пхъэш МуIэед? «Тхьэм и нэфI зыщыхуэн си лъэпкъэгъухэ!...», - апхуэдэ псалъэ гуапэкIэ сыт щыгъуи къызэIуихыу щыта и теленэтынхэм МуIэед и цIэр, и фэеплъыр мыкIуэдыжын ящIащ.

- Си адэм и IэщIагъэр фIыуэ зэрилъагъур, зэрыдихьэхыр, и къару емыблэжу зэрылажьэр слъагъурти, сэри абы ещхь сыхъуным сыщIэхъуэпсырт, - жеIэ Ашэмэз.

Пэжщ, журналист IэщIагъэм хуеджакъым, къиухар Къэрэшей-Шэрджэс къэрал технологие академием финансхэмрэ кредитымкIэ и факультетращ, ноби абы и аспирантурэм щоджэ, ауэ лъым хэтыр пхущIэхъумэнукъым. Ашэмэз «Къэрэшей-Шэрджэс» КъТРК-м и журналист нэхъыфIхэм ящыщщ, «Хъыбархэр» теленэтынхэр ирегъэкIуэкI.

Пхъэш МуIэед республикэм пщIэ щыхуащIу зэрыщытам и щыхьэтщ телевиденэм и унэ щIыхьэпIэм деж абы и фэеплъ пхъэбгъу зэрыщыфIадзар. Иджы, махуэ къэс лэжьапIэ щыкIуэкIэ, къуэр адэм и фэеплъым Iуплъэху, абы далъэгъуа цIыхугъэм, хьэлэлагъым, гуащIафIагъэм езыри текI зэрымыхъунур нэхъри кууэ зыхещIэ. Аращ Пхъэш Ашэмэз теухуауэ усакIуэ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ щIитхар:

**«А псэмрэ а Iэпкълъэпкъымрэ**
**зэгъусэу**
**ЩIэрыщIэу къыщIамыдзэжыф...**
**ИтIани, адэ лъагъуэр**
**къуэм и гъуазэу**
**Щыплъагъукlэ, пфIощI блэкIам**
**къигъэзэжыф...»**

ЦIыхубэм хьэлэлу хуэлэжьэныр гъащIэ гъуазэ зыхуэхъуа щIалэм жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ нэгъуэщI пщэрылъи къалэн къыщащIащ - 2007 гъэм ар хахащ Черкесск къалэм и Думэм и депутату.

- Властыр зыхуэлажьэр цIыхубэращ. Думэр - хабзэр зыубзыху властрамэ, журналистикэр 4-нэ власту ялъытэ, абы и IэмыщIэ куэд зэрилъыр Iуэхум халъытэу. АтIэ, а тIуми узэдыхэтмэ, лъэныкъуитIри зэдэбгъэлажьэмэ, цIыхум уи сэбэп зэребгъэкIыну Iэмалхэм хохъуэ. Си лэжьыгъэр зыхуэунэтIар апхуэдэ сэбэп нэхъыбэ къызэрысхьынращ, - жеIэ Ашэмэз.

2009 гъэм - ЩIалэгъуалэм я илъэсым - властым и гупэ щIэблэм нэхъ къахуигъэзауэ жыпIэ хъунущ. НыбжьыщIэ жыджэрхэр, хэлъэт зиIэхэр политикэ, бэдаущ гъащIэм хэшэным гулъытэ хэха хуащI хъуащ. Политикэр узылъэмыIэсыфын лъагапIэу къащыхъуу щытамэ, иджы абы гъунэгъу зэрызыхуащIыфыну Iэмал мащIэкъым щIалэгъуалэм къахукъуэкIар.

Ашэмэз журналисту, депутату щыткIэрэ, политикэм хэгъуэзэну хунэсащ икIи къыгуроIуэ абы и къалэн пажэр цIыхубэм я сэбэп зыхэлъхэм быдэу зэрепхар. 2009 гъэм Пхъэш Ашэмэз и жэрдэмкIэ Къэрэшей-Шэрджэсым къыщызэIуахащ УФ-м и Федеральнэ ЩIалэгъуалэ ЗэIущIэм и къудамэ, абы и унафэщIуи хахащ. Ди республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым), щIыпIэ самоуправленэхэм, къалэ Думэм хыхьэ депутат ныбжьыщIэхэр зэзышалIэ а къудамэр къызэгъэпэщыныр Ашэмэз дежкIэ ехъулIэныгъэщIэт. Урысейм и щIалэгъуалэ политикэр зыгъэкIуатэхэм ящIыгъуу ар утыкушхуэм ихьащ. Нобэ республикэм и политикэ, бэдаущ гъащIэм къыщымынэу, къэралым къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм хэтыфщ.

Апхуэдэу, илъэсым и пэщIэдзэм, Урысей Федерацэм и Президентым и Администрацэм иригъэблэгъа депутат ныбжьыщIэхэм Ашэмэзи яхэтащ. КъинэмыщIауэ, иджыблагъэ екIуэкIа «Зыуэ щыт Урысей» партым и XI съездым ирагъэблэгъахэм ящыщщ. Ди республикэм икIыу апхуэдэ къэрал мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэшхуэм Ашэмэз хуэдэ ныбжьыщIэ иджы япэу ирагъэблэгъауэ аращ. Апхуэдэуи, ар хэлэжьыхьащ депутат ныбжьыщIэхэм папщIэ УФ-м и Къэрал Думэм зэхиша зэIущIэхэм.

Къапщтэмэ, мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI зэхыхьэ куэдми республикэм и лIыкIуэу хэтащ Ашэмэз. Псалъэм папщIэ, нэхъ зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэм хабжэри, «Селегер» щIэныгъэ лагерми щыIащ, «Прорыв» Урысейпсо форумми ирагъэблэгъащ.

ЕхъулIэныгъэ мымащIэ зыIэрызыгъэхьа Ашэмэз и адэм и щапхъэр зы лъэныкъуэмкIэ щыту, адреймкIэ - унагъуэм и щIэгъэкъуэныр щIыгъуу, гушхуэныгъэ хэлъу япэкIэ мэкIуатэ. Журналист, депутат - а IэнатIэхэм къыхуагъэув къалэнхэр игъэпэжыныр мытыншми, шэч хэлъкъым и щIалэгъуэ къарум ар лъагапIэ инхэм зэрынахьэсынум.

- УкъызыхэкIа лъэпкъым ухуэлэжьэн щIэбдзэн и пэ къиихуэу, абы ухуэфащэу ущытын, зэрызыщIэбгъэкъуэн къару уиIэн хуейщ, - жеIэ Ашэмэз, и адэм къыжриIэу щыта псалъэхэм я мыхьэнэр фIыуэ къыгурыIуэу.

ХУТЭ Iэминат.

### Лъэпкъ Iущыгъэхэр

- Акъыл зиIэм шыIэ иIэщ.
- Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм гъунэ иIэкъым.
- Акъылыр ландыщэщ, гъэсэныгъэр дыщэ жыгщ.
- Дахэ и щIагъ дыщэ щIэлъщ.
- Жьэ лIыкIуэ нэхърэ щхьэ лIыкIуэ.
- Зи Iуэ ит нэхърэ зи щхьэ ит.
- ЛIы и псалъэ епцIыжыркъым.
- ЛIыгъэр Iыхьэмыгуэшщ.
- ЛIыфIыр бэ дыдэщи, лIыфI дыдэр зырызщ.
- ЛIыхъужь и лъэужь кIуэдыркъым.
- Нэмыс здэщымыIэм насыпи щыIэкъым.
- Нэмыс пщIымэ уи щхьэщ зыхуэпщIыжыр.
- Нэмысыншэр насыпыншэщ.
- Нэ хъыжьым жьэ ет, нэхъыщIэм гъуэгу ет.

2009
ЩIалэгъуалэм я илъэс

# Гугъэфl дэзыгъэщlхэр

★Ди пелуанхэр


Джэданэ Алим


Махуэ Билал


Мэжджыхь Эдуард

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен куэдым къэралым, Европэм, дуней псом, олимп зэхьэзэхуэхэм ди щlыналъэмрэ къэралымрэ я цlэр фlыкlэ щагъэlу, командэ къыхэхахэм я ехъулlэныгъэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащl.**

***Джэданэ Алим.*** Ар иджыпсту зи къару илъыгъуэ дыдэ спортсменщ. Илъэс 26 ныбжьым къриубыдэу Джэданэр хэтащ къэрал, европэ, дуней, олимп зэхьэзэхуэ куэдым икlи сыт щыгъуи пщlэ иlэу утыку къикlыжащ. Аращ Алим дунейпсо классымкlэ спортым и мастер цlэ лъапlэр къыщlыфlащар.

ЗэкlэДжэданэ Алим и ехъулlэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ мы гъэм и бадзэуэгъуэм Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) «Шлемышхуэр» къэхьыным теухуауэ щекlуэкlа зэпеуэм дыщэ медалыр, Европэм и чемпионатым жэз медалыр къызэрыщихьэхуар. Куэд щlакъым Самоа (Новэ Зеландие) дунейпсо кубокыр къэхьыным теухуауэ щекlуэкlа зэхьэзэхуэм япэ увыпlэр зэрыщиубыдрэ. Мы илъэсым зыlэригъэхьа ехъулlэныгъэхэр Джэданэ Алим щlигъэбыдэжащ Санкт-Петербург и «Явара-Нева» спорт клубым хэту Европэм и Кубокыр къихьри.

Нэгъабэ Пекин щекlуэкlа Олимп Джэгухэм Джэданэм ехъулlэныгъэ инкlэ дыщыгугъат, арщхьэкlэ судьям lэщlэкlа щыуагъэм и зэранкlэ медалыншэу къэнащ. Иджы ерыщу зыхуегъэхьэзыр Лондон щекlуэкlыну Олимпиадэм.

Спортым щызыlэригъэхьа ехъулlэныгъэхэм папщlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щlыхь тхылъ Джэданэ Алим хуагъэфэщащ.

***Махуэ Билал.*** Мы щlалэр ди республикэр, къэралыр зэрыгушхуэ спортсменщ. Бэнэкlэ хуитым зыхуигъэсэн илъэсийм щlидзащ. Илъэсипщl ныбжьым иту и япэ текlуэныгъэр ныбжьыщlэ чемпионатым къыщихьащ. Бэнэкlэ хуитым къыдэкlуэу, Махуэм алыдж-урым бэнэкlэмкlи зигъасэу щытащ икlи ехъулlэныгъэхэри абы щызыlэригъэхьащ. Илъэс 14-м иту Ипщэ Федеральнэ щlыналъэм и чемпионатым щыбанэу абы гу къылъитащ тренер цlэрыlуэ Гаджимагомедов Ханкала икlи абы иригъэблагъэри, Дагъыстэным lэпхъуащ. Ерыщу зызыгъасэ, тренер лъэщым и чэнджэщхэр зыхэзылъхьэ щlалэщlэм щlэх дыдэу лъагапlэщlэхэр къищтащ - 2005, 2006 гъэхэм екlуэкlа ныбжьыщlэхэм я дунейпсо чемпионатхэм пашэ щыхъуащ.

Балигъхэм яхэту япэ дыдэу утыку къыщихьар Налшыкщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, УФ-м, США-м я бэнакlуэхэм я зэхьэзэхуэм япэ увыпlэр щиубыдащ. Абы къыкlэлъыкlуащ къэралым и чемпионатыр, бэнакlуэ цlэрыlуэ Курамагомедов Курамагомед щыхигъэщlащ. Куэд дэмыкlыу зыlэригъэхьащ дэтхэнэ зы спортсменми и хъуэпсапlэ дунейпсо чемпион цlэр. 2008 гъэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Махуэм хуэфlакъым. Ярыгин Иван и фэеплъ турнирым щхъухь гуэр къыщрахьэлlэри, абы куэдрэ игъэсымэджащ, Европэм и чемпионатымрэ Олимп Джэгухэмрэ кlуэфакъым. Зыкъызэриужьыжу, Билал занщlэу зыгъэсэн щlидзэжащ икlи мы гъэм и фокlадэм Данием щекlуэкlа дунейпсо чемпионатым текlуэныгъэ къыщихьри, дунейпсо чемпион етlуанэу хъуащ.

«Спорт» телеканалым иригъэкlуэкlа щlэупщlэныгъэм Махуэ Билал «Фокlадэм и спортсмен нэхъыфlу» ди къэралым и цlыхухэм къыщалъытащ. Иджы дыгъэгъазэм и кlэм екlуэкlыну «Илъэсым и спортсмен нэхъыфl» щlэупщlэныгъэхэм хэтынущ.

Махуэ Билал и иужьрей ехъулlэныгъэхэм ящыщщ Мэзкуу и ЦСКА командэмрэ Дуней псом и командэ къыхэхамрэ я зэхьэзэхуэм къыщихьа текlуэныгъэр. Ди лъэпкъэгъум и утыку къихьэгъуэр командитlыр зэрытемыгъакlуэу, бжыгъэр 3:3-уэ, ирихьэлlат. Псори щызэхэкlынур иужьрей дыдэ зэlущlэрт. Махуэр Кубэм щыщ Родригес Алексис текlуэри, и командэм текlуэныгъэ къыхуихьащ. «Дунейпсо чемпионатым нэхърэ иджы нэхъ жэуаплыныгъэшхуэ си пщэм къыдэхуат, - жиlащ абы и ужькlэ.

- Дунейпсо чемпионатым сызыщlэбэныр си текlуэныгъэм и закъуэт, иджы командэ псор сэ си закъуэ къысщыгугъырт».

Ди гуапэщ, олимп лъэхъэнэщlэр зэрыригъэжьам нэхърэ нэхъыкlэ мыхъуу Махуэ Билал Лондон нэсыну. Адыгэ щlалэ пелуаным къыпэлъэщын дуней псом зэрытемытыр иджыри куэдрэ наlуэ ирещl!

***Мэжджыхь Эдуард.*** 2009 гъэр фlы дыдэу кърихьэлlащ зеикъуэдэс штангистым. Иужьрей илъэсиплlым Мэжджыхьыр урысейпсо зэхьэзэхуэ 13-м хэтащ икlи псоми текlуэныгъэ къызэрыщихьам и мызакъуэу, къэралым и рекордипщl игъэуващ.

Балигъхэм я зэхьэзэхуэм ар япэ дыдэу щыхыхьар гъатхэпэ мазэм атлетикэ хьэлъэмкlэ Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхьыным теухуауэ Владикавказ щекlуэкlа зэпеуэрщ. Абы лейуэ зыхуигъэхьэзыракъым - илъэсипщl хъуауэ и тренер Хьэфlыцlэ Мухьэмэд хуейт ныбжькlэ япэ къит лlы хьэзырхэм и гъэсэныр зэрахэзагъэм кlэлъыплъыну. Арщхьэкlэ, Мэжджыхьыр балигъхэм яхэплъа къудейкъым, атlэ, зыри щымыгугъауэ икlи гугъу емыхьыщэу ахэр иригъэкlуэтэкlри, къэралым и Кубокыр къихьащ. Зэман куэд дэмыкlыу ар щытекlуащ мэкъуауэгъуэ мазэм Румынием щекlуэкlа, илъэс 20 мыхъуахэм атлетикэ хьэлъэмкlэ я дунейпсо чемпионатым.

Зыхэта хьэлъагъым Щlы хъурейм къыщыпэлъэщын зэрыщымыlэр къэзыгъэлъэгъуа пелуаным Европэ чемпионатми къыдэщlхэри и тренерри щигъэщlэхъуакъым. Швецием и Ландскронэ къалэм щекlуэкlа зэхьэзэхуэр дуней псом и мыхьэнэм хуэдэ хъуркъым, арщхьэкlэ, дэтхэнэ зэпеуэми щытекlуэныр и лъым хэпща хъун папщlэ, ари къэхутапlэ нэсщ. Къищынэмыщlауэ, дуней псом и чемпион цlэр зыlэщlэлъым и зэфlэкlым апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм шэч къыщытригъэхьэ хъунукъым - и хьэрхуэрэгъухэм куэдкlэ япэ ищри, адыгэ щlалэм чемпионатым и дыщэ медалыр къихьащ.

Къэралми, европэми, дуней псоми щынэхъ лъэщ штангистым плъапlэу иlэжыр зыщ - 2012 гъэм Лондон щекlуэкlыну Олимп Джэгухэм екlуу зыкъыщигъэлъэгъуэнырщ. Апхуэдэ къежьапlэ зиlэ Мэжджыхьым, Тхьэм жиlэмэ, абыи и щхьэр лъагэу lэтауэ утыкум къыщикlыжынщ.

ЖЫЛАСЭ Замир.




**Гуфlэгъуэщ лъэпкъым фlыкlэ узыщыгугъын, щlэныгъэ зыбгъэдэлъ цlыхухэр къыщыхэкlкlэ. Псом хуэмыдэжу гуапэщ щысабийм къыщыщlэдзауэ гъащlэм и гъуэгуанэ пэжым теувэху ныбжьыщlэм и зэфlэкlым, и ехъулlэныгъэхэм кlэлъыплъа цlыхум, егъэджакlуэм абы хужиlэн псалъэ щикуэдым и деж. Макъамэ еджапlэ къэзыуха, иужькlэ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и композитор, фортепианнэ факультетхэм зи щlэныгъэр щыхэзыгъэхъуа, Римский-Корсаков Н. А. и цlэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт консерваторием и япэ курсым мы зэманым щеджэ Къэбэрдокъуэ Мурат дызэрыхуэмызэфым щхьэкlэ, щlалэм и гугъу къытхуищlыну делъэlуащ абы и егъэджакlуэ, композитор цlэрыlуэ Хьэlупэ Джэбрэlил. Щlалэгъуалэм и илъэсу ягъэбелджылауэ щытар и кlэм зэрынэблагъэр ди тегъэщlапlэу, ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ хъун ныбжьыщlэхэм ди газетым и зы къыдэкlыгъуэр тедухуэну мурад зэрытщlам щыгъуазэ щысщlым, Джэбрэlил къызжиlар мыращ:**

# Къэбэрдокъуэм хуэдэ ирехъу

★Гъуэгу къежьащlэ


Къэбэрдокъуэ Мурат

- ЩlАЛЭГЪУАЛЭМ и гъэщ, жыбоlэ-тlэ. Щlалэгъуалэм зы махуэкъым икlи илъэскъым хухэхын хуейр, абыхэм зэпымыуэ ди нэlэ ятедгъэтын хуейщ, ныбжьыщlэхэм зэужьыныр къэралым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэу къилъытапхъэщ. Итlанэщ дыщиlэнур зэфlэкlкlэ дызыщыгугъын щlэблэ. Сфlэмыкъабылу щlалэгъуалэм ядэслъагъум сыхуейкъым сытепсэлъыхьыну - ар кlыхьлlыхьщ. Къызэрыщlэздзэнур хъуэхъукlэщ: дунейм щlалэгъуалэу тетыр, псом хуэмыдэу адыгэ ныбжьыщlэхэр, сэ сызыщlэхъуэпсым хуэдэу Тхьэм ищl, къинэмыщlауэ, дэтхэнэ зы адыгэ щlалэри, адыгэ хъыджэбзри нобэ дызытепсэлъыхьыну Къэбэрдокъуэ Мурат хуэдэ ирехъу...

Илъэс зыбжанэ ипэкlэ хъыбар сагъэщlат 2-нэ сабий макъамэ школым зыгуэр къызыхэкlын щlалэ цlыкlу гуэр щоджэ жаlэри. «И макъым севгъэдаlуэ», - щыжысlэм, щlалэ дахэ цlыкlу и анэм къысхуишащ. Мис абдежым щегъэжьауэ сэ Мурат сцlыхуащ, сыдэлэжьащ, згъэсащ. Мыбдежым lэмал имыlэу къыхэзгъэщынут: анэ псори анэкъым, жаlэр адыгэм. Мурат зыпlар анэ нэсщ. Ар ди гъунэгъущ, Нартан къуажэм щыщ Бырсекъуэ Эммэщ. Сэ къызэрыслъытэмкlэ, дунейм зы цlыхубз насыпыфlэу тетмэ, Эммэ насыпыфlэщ, быныфl игъэсащи.

Мурат зэрыщlалэ гъэсам, зэхэщlыкl зэрыхэлъым и зы щапхъэ къэсхьынут. Абы къызжеlэ: «Джэбрэlил, сэ сызыщlэхъуэпсыр пщlэрэ? Си анэм гугъуехьу къыздишэчам хуэдиз гупсэхугъуэу естыжыну сыхуейт, и lэр зэтедзауэ сэ спlыуэ щызгъэсынут». Ар уи къуэ жиlэну куэд и уасэкъэ?! Сэ щхьэкlэ жиlэращ: «Уэ гугъу укъызэрыздехьар, зэману къыстебгъэкlуэдар сымыгъэкlуэду, зыгуэр схузэфlэкl хъуамэ, уи макъамэхэр езгъэтхынут». Зыри сыхуейкъым жызоlэ, уэ тхы, нэхъыфl дыдэу къысхуэпщlэнур аращ.

Хьэл-щэнкlэ къапщтэмэ, абы си закъуэкъым гу лъызытэр, нэсри къэсыжауэ адыгэ щlалэ щыпкъэщ. Щытхъу лей хэмылъу жысlэнщи, иджы апхуэдэ ныбжьыщlэ гъуэтыгъуейщ, уеблэмэ щыlэу жаlэкlэ си фlэщ хъунтэкъым.

Фlагъыу бгъэдэлъым ящхьэу, Мурат и гумрэ и псэмрэ щlэныгъэм етащ, махуэ къэс зы щlэ гуэр къызэрищlэным яужь итщ - музыкэм и закъуэкъым, ар живописым, литературэм, архитектурэм епхауэ щрет. Сэ Мурат псори естагъэнукъым, ауэ адыгэ хабзэмрэ адыгэ lуэрыlуатэмрэ фlыуэ илъагъуу къэзгъэхъумэ сфlэфlти, мис ар хэслъхьэфауэ къысщохъу, зэрезгъэджам нэхъыфl дыдэуи хэлъыр ара си гугъэщ. Иджы абы сыт итхми, гу лъумытэнкlэ lэмал имыlэу, а «адыгагъэр» и lэдакъэщlэкlхэм къыхощ. Абы и щыхьэтщ Ацкъан Руслан зи унафэщl «Эльбрус» тхылъ тедзапlэм мы гъэм къыщыдэкlа абы и тхылъыр. А лэжьыгъэмкlэ адыгэ сабийр егъэджэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищlащ Мурат.

Ар ауэ къызэрыгуэкl пианисткъым, пианист телъыджэщ. Езым и щlэныгъэм, и къэухьым къихьащ еджапlэ лъэрызехьэм, Санкт-Петербург дэт консерваторием щlэтlысхьэну. Ар ирегъаджэ композитор цlэрыlуэ Банщиков Геннадий.

Мурат гъуэгу тэмэм дыдэ теуващ, щlалэ щхьэкlэ талантышхуэ бгъэдэлъщ, шэч хэмылъуи абы зиужьынущ. «Нэхъыжь зимыlэм и lуэхур lэнкунщ», - жиlащ Пащlэ Бэчмырзэ. Сэ абы дыщlызгъужыну сызыхуейращ: нэхъыщlэ зимыlэ лъэпкъыр унэхъуащ. Ар музыкэ ирехъу, усэ ирехъу.

Адыгэ лъэпкъым Мурат хуэдэ куэд къытхэкlыну Тхьэм жиlэ.

*Зытхыжар*
**ИСТЕПАН Залинэщ.**

# Афэрым, Цокlыл

★Вагъуэщlэ


ЦокIыл Азэмэт

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и «Амикс» уэрэд жыlакlуэ гупым хэт Цокlыл Азэмэт и япэ дискыр иджыблагъэ дунейм къытехьащ. Абы тетщ цlыхухэм ягу нэсу ныбжьыщlэм игъэзащlэ уэрэд дахэ куэд, «Анэ», «Жэнэт бзу», «Псэм и щэху», «Иджырей хъыджэбзхэр» жыпlэми.**

**Къыщалъхуа къуажэ Къуэгъулъкъуей дэт курыт еджапlэм щыщlэсам щыгъуэ уэрэд жыlэным гу хуэзыщlа щlалэм и зэфlэкlымрэ и зэчиймрэ зыхэпщlэу зыщауэжьащ КъБКъУ-м и «Амикс» уэрэджыlакlуэ гупым хыхьа нэужь. Абы и щыхьэтщ дунейм къытехьа дискыр. Мыбы ихуа уэрэдхэм я нэхъыбэр оранжировкэ зыщlар Щоджэн Алимщ, уэрэд lэрамэ хэтщ Давыдовэ Риммэ псалъэри макъамэри ейуэ. Азэмэт мы уэрэдхэм псом хуэмыдэу къыхегъэщ гугъу къыдехьа, и зэчийм зиужьынымкlэ сэбэпышхуэ къыхуэхъуа «Амикс» гупым и унафэщl Къул Амир и lэдакъэщlэкlыу дискым тратхахэр.**

**- Куэдрэ къызоупщl «Амикс» гупым укъыхэкlыжауэ ара, жаlэу. Хьэуэ, ауэ къыщыхъу щыlэщ гуфlэгъуэ зэхыхьэ пшыхь гуэрхэм си закъуэу утыку сыкъыщихьэ.**

**Азэмэт и уэрэдхэм дихьэххэм я гуапэ хъуну къыщlэкlынщ мыри: илъэсыщlэм ирихьэлlэу дунейм къытехьэнущ абы и клипхэр зытет DVD диск.**

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

2009 Щlалэгъуалэм я илъэс

Редактор нэхъыщхьэхэр:
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд
ДЕРБЭ Тимур
ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5 , епщIанэ къат

КъБР-м Печатымрэ информацэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20. 00-м. Щытрадзар сыхьэт 20. 00-рщ.

№ Н-0065
Индексыр 51531
Тираж 10. 365
Заказ №4150